Шапсыгъхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр

2-нэ нап.

ЩIалэгъуалэр зэпащIэ

3-нэ нап.

Адыгэбзэр зэбгъэщIэну тынш хъуащ

4-нэ нап.

Ныбжьэгъур ягу къагъэкIыжу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№79 (24.985) ● 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къыдэритамкIэ

Хэкум и хъумакIуэ къэмылэнджэжхэр

Бадзэуэгъуэм и 1-м ди къэралым щагъэлъапIэ Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я махуэр. А махуэщIымкIэ ветеранхэм ехъуэхъуу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щетх МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым:

«УРЫСЕЙ Федерацэм щыдогъэлъапIэ Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я махуэр. Гум имыху а махуэщIыр яхуэгъэпсащ ди лIыхъужьхэу Iэщэр зи Iэдэжу Хэкум и щхьэхуитыныгъэр дэнэкIи щызыхъумахэм. ПщIэшхуэ яхудощI зауэлIым и щIыхьыр я гъащIэм ипэ ирагъэщу къэралым и къыщхьэщыжакIуэ нэсу къэувахэм. Апхуэдэ ди зауэлIхэм я фэеплъ нэхур игъащIэкIи тхъумэнущ! ЛIыхъужьхэм я цIэхэр, абыхэм зэрахьа лIыгъэхэр хэмыгъуэщэжын лъэужьу къыхэнащ Урысей къэралыгъуэм и зауэ щIыхьым и тхыдэм.

Мы зэманми, япэ ита щIэблэхэм я хабзэхэм тету, ди зауэлIхэр зауэ IэнатIэм Iутщ, ди Хэкум и къэкIуэнур яхъумэу. Си фIэщ мэхъу ТекIуэныгъэр къызэрытхьынур! Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм КъэбэрдейБалъкъэрым щаIэ зэгухьэныгъэр дапщэщи къоув къэралым и хъумакIуэу, я гупсысэмрэ дуней еплъыкIэмкIэ щIалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъуу, ахэр хэкупсэу, къэралым и цIыху нэсу гъэсэнымкIэ сэбэп хъууэ. Ди ветеранхэм ябгъэдэлъ зэфIэкI лъагэм, зэхэщIыкI куум къытщIэхъуэ щIэблэр ехъулIэныгъэщIэхэм трегъэгушхуэ. Ди лIыхъужьхэр щапхъэ нэсщ яхэлъ цIыхугъэ лъагэкIи, лIыгъэкIи, зауэ зэфIэкIкIи.

ПщIэ зыхуэсщI ветеранхэ, сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фэри, фи унагъуэхэм исхэми, фи IыхьлыхэмИ, благъэхэми узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэрэ зэпэщIныгъэрэ фиIэну!»

Ди щIыхьыр лъагэу еIэт

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр иритыжащ Ипщэ дзэ округым и 58-нэ гвардие дзэ зэхэт армэм и 19-нэ мотострелковэ дивизэм и 503-нэ мотострелковэ полкым и командир Бэгъуэт Къантемыр Анатолэ и къуэм.

А ДАМЫГЪЭ лъапIэр офицерым хуагъэфэщащ дзэ Iуэху хэхам къыщигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ, и къалэныр щIыхь пылъу зэригъэзащIэм папщIэ.

Подполковник Бэгъуэт Къантемыр дзэ Iуэху хэхам пщэрылъу щиIэ къалэнхэр дагъуэншэу зэрырихьэкIым, къигъэлъэгъуа хахуагъэм, псэемыблэжу къулыкъу зэрищIэм къапэкIуэу нэхъ пасэу къратащ лIыхъужьыгъэр и орденыр.

«Срогушхуэ икIи фIыщIэ хузощI Кантемыр Анатолэ и къуэм, ди республикэм и щIыхьыр лъагэу зэриIэтым, Хэкур хахуэу зэрихъумэм папщIэ», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэт гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэрал IэнатIэхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм, щIалэгъуалэ къэрал политикэр пхызыгъэкI нэгъуэщI къызэгъэпэщыныгъэхэм, щIалэгъуалэм яфI пхызыгъэкI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлэжьэным и пщIэр къэIэтынымкIэ яIэ ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ папщIэ **унафэ сощI**:

1. ЩIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ дэтхэнэри сом 100 000 хъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтиплI гъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм:

а) ЩIалэгъуалэ политикэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтым (адэкIэ - саугъэт) и положенэр, саугъэт зратам и дипломым и бланкымрэ саугъэт зратам и дипломыр зыхуэдэм ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэмрэ къищтэн;

б) саугъэтыр гъэувынымрэ ар етынымрэ текIуэдэну мылъкур 2027 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыныр къызэригъэпэщын.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м
№62-УГ

«Хэкур щахъумэм хэкIуэда Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я щIыхькIэ «Фэеплъ сын» мемориал комплекс ухуэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Хэкур щахъумэм хэкIуэда Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я фэеплъыр игъащIэкIи мыкIуэды-жын папщIэ, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м №94-РЗ-м щIэту къащта «Тхыдэ къэхъугъэхэр, къищынэмыщIауэ цIыху щхьэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щаIэ фIыщIэ инхэмрэ ехъулIэныгъэшхуэмрэ игъащIэкIи мыкIуэдыжын папщIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 7-нэ статья и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. «Хэкур щахъумэм хэкIуэда Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я щIыхькIэ «Фэеплъ сын» мемориал комплекс Налшык къалэ, 2-нэ Тамань дивизэм и уэрамым щыIэ ТекIуэныгъэм и паркым щыхуэн.

2. Мы Указыр гъэзэщIэным ехьэлIа къызэгъэпэщыныгъэ IуэхугъуэхэмрэтекIуэдэну мылъкумрэ зэфIэгъэкIыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Налшык къалэ округым и администрацэм дэщIыгъуу къызэригъэпэщын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ-Iым и къуэдзэ Хъубий М. Б. мы Указыр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыныр и пщэ илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№63-УГ

«Урысей Федерацэм Iэщэкlэ ЗэщIэузэда и Къарухэм контрактlэ къулыкъур щезыхьэкI зауэлIхэм зэуэ ират ахъшэм и Iуэхукlэ», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м и 1 пунктым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм Iэщэкlэ ЗэщIэузэда и Къарухэм контрактlэ къулыкъур щезыхьэкI зауэлIхэм зэуэ ират ахъшэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м и 1 пунктым мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт лъабжьэ «б»-мрэ «в»-мрэ мыпхуэдэу къэхьын:

«б) контрактым Iэ щытрадза 2024 гъэм шыщхьэуIум и 15-м щегъэжьауэ 2026 гъэм гъатхэпэм и 31 пщIондэ - сом мин 1500-рэ, 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ 2026 гъэм фокIадэм и 30 пщIондэ - сом мин 2100-рэ;

в) резервым щыIэ полкхэм дзэ къулыкъур щрахьэкIыну контрактым Iэ щытрадза 2025 гъэм шыщхьэуIум и 10-м щегъэжьауэ 2026 гъэм гъатхэпэм и 31 пщIондэ - сом мин 1800-рэ, 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ 2026 гъэм фокIадэм и 30 пщIондэ - сом мин 2400-рэ (мы пунктым и «б» пункт лъабжьэм ипкъ иткIэ ягъэувахэр ирамыту);»;

б) пункт лъабжьэ «г»-м «мэкъуауэгъуэм и 30» псалъэхэр «фокIадэм и 30» псалъэхэмкIэ зэхъуэкIын;

2. «Урысей Федерацэм Iэщэкlэ ЗэщIэузэда и Къарухэм контрактlэ къулыкъур щезыхьэкI зауэлIхэм зэуэ ират ахъшэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №63-УГ-м и 1 пунктым и «б», «в» пункт лъабжьэхэм и положенэхэр (мы Указым къызэрыщыхьам хуэдэу) 2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къэунэхуа хабзэ зэхущытыкIэхэм хоувэ.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№64-УГ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2026 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м щыIэну нэхъапэм трауху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр **бадзэуэгъуэм и 9-м** ягъэIэпхъуащ.

ЩыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

ЦIыхушхуэ щызэблокI

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм наIуэ къызэрищIамкIэ, Налшык и аэропортыр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэм хэхъуащ. А зэманым къриубыдэу абы щызэблэкIащ цIыху мини 104,5-рэ, ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм нэхърэ процент 33-кIэ нэхъыбэщ.

ЦIЫХУХЭР зэрызекIуэм зэрыхэхъуар кърикIуащ аэропортым и гъуэгуанэхэм зэкIэлъыкIуэу зэрызиужьам, щIыпIэ нэхъыбэ зэпищIэф зэрыхъуам. Мазихым къриубыдэу Сочэ, Санкт-Петербург кIуэ гъуэгуанэщIэхэр къызэIуахащ, Москва нэхъыбэрэ лъатэ хъущ. Къищынэмыщ-Iауэ, аэропортым толъэтыкI Къэзан, Саудей Хьэрыпым кIуэ кхъухьлъатэхэр.

Аэропортым и лэжьыгъэм халъхьа зыужьыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ Iэмал нэхъыбэ къаритащ я лэжьыгъэ, турист зекIуэхэр нэхъ тыншу къызэрагъэпэщыну.

Налшык и аэропортыр къэзыгъэсэбэпхэр нэхъыбэ зэрыхъуам и щыхьэтщ абы зыпищIэ гъуэгуанэхэм щIэупщIэшхэр зэраIэр. Iуэхущ-Iапlэм и зыужьныгъэхэм къыхегъахъуэ, цIыхухэм фIагъ зиIэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным, я зекIуэхэр тыншу къызэгъэпэщыным хуэунэтIа лэжьыгъэр ирегъэкIуэкI.

Налшык и аэропортым утелъэтыкIыу укIуэфынущ Москва (махуэ къэс) Санкт-Петербург (тхьэмахуэм щэ - бэрэжьей, мэрем, тхьэмахуэ), Къэзан (тхьэмахуэм тIэу - бэрэжьеймрэ щэбэтымрэ), Сочэ (тхьэмахуэм тIэу - бэрэжьеймрэ щэбэтымрэ).

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70**, **40-34-32**.

● ЩIыуэпс

КIэрыхубжьэрыхухэр дашын щIадзэжащ

Иужьрей зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зы щIыпIи къэмынэу цIыхухэр игъэпIейтеящ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдамышым, къалэ,къуажэ уэрамхэм ахэр Iуащхьэу зэрыщызэтрихьам, абы мэ зэрищIым, бадзэмрэ хьэпIацIэмрэ къыпщытащ.

ДИ гуапэ зэрыхъунщи, мазэ хъууэ республикэм щолажьэ кIэрыхубжьэрыхуэ дэшныр зи пщэ далъхьа Iуэхущ-Iапlэщ-Iэр. Абы и лэжьыгъэр зэтраублэху, зэтрихьахэр зэтрахыжыху цIыхухэри яхуэзэфIэкI къамыгъанэу яужь итащ къабзагъэр хъумэным. Псалъэм папщIэ, целлофан къэпхэр хьэмрэ джэдумрэ ямыфыщIын, абы илъыр жьым зэбгримыхым папщIэ, къэп Iувхэм иралъхьэурэ къыдагъэувыкIащ.

Къуажэхэм мы Iуэхухэр нэхъ тыншу щызэфIэкIауэ, бэIутIэIуншэу абы къикIауэ жыпIэ хъунущ. Псалъэм папщIэ, Бахъсэн щIыналъэм хиубыдэ къуажэхэм я Iэтащхьэхэм унафэ ящIат КАМАЗ къыдагъэхьэурэ, тхьэмахуэ къэс кIэрыхубжьэрыхур дашыну.

Иджы накъыгъэм и 15 лъандэрэ мэлажьэ «Экотехпром»-р. Аращ дяпэкIэ кIэрыхубжьэрыхумкIэ жэуап зыхь Iуэхущ-Iапlэр. Ауэ къуажэ администрацэхэм зэпагъэуакъым я лэжьыгъэр, нобэр къыздэсым абы и Iуэху зэрахуэ, я кIэрыхубжьэрыхухэр зэтрах. Бахъсэн щIыналъэм машинитI щолажьэ, псалъэм папщIэ. Ар районыр зыхуэныкъуэ машинэ бжыгъэм и Iыхьэ щанэщ. Абы къыхэкIыу чэзукIэ къуажэхэм дохьэ.

ДыкъыэрагъэгугъамкIэ, республикэм щыIапхъэ къабзагъэ мардэхэр мыгувэу зэтрагъэувэжынущ, машинэхэри нэхъыбэ къэхъужынущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Ди къуэш республикэхэм

Лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кIэлъоплъ

АДЫГЕЙ. **Мейкъуапэ и къалэ сымаджэщым хирургием теухуауэ дащIыхьымрэ республикэ онкодиспансерыр зыхуей зэрыхуагъазэмрэ епха лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр республикэм и Iэтащхьэм къипщытащ**.

КЪАЛЭ сымаджэщым метр зэбгъузэнатIэ мин 15-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ, къатищу зэтет унэ дащIыхь. Абы хэтынущ хирургие къудамищрэ реанимацэрэ.

- Лэжьыгъэхэр ягъэува пIалъэм тету йокIуэкI, ауэ ар ухуакIуэхэм щIагъэпсынщIэну хьэзырщ нэхъ пасэу яухын папщIэ, - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

А Iуэхущ-Iапlэхэр къызэIуахынущ 2028 гъэм.

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ лэжьыгъэр ныкъусаныгъэншэу зэфIахыным, абыхэм къекIуэлIэну цIыхухэр сыт и лъэныкъуэкIи арэзы хъуным теухауэ. Ар «Гъащ-Iэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектыр щIаублам язщ, - жиIащ Къумпыл Мурат.

Тхьэрыуэм хуэпэжхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид МАКС-м щиIэ и каналым республикэм щыпсэухэм защыхуигъэзащ Дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я махуэм теухауэ (бадзэуэгъуэм и 1-м ягъэлъапIэ)**.

- МЫ махуэм дигу къыдогъэкIыж ди Хэкур псэзэпылъхьэпIэ щихуэкIэ зыхъумахэр, тхьэрыуэмрэ лъэпкъымрэ хуэпэжахэр.

Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэм я цIэкIэ, сэ езым къызбгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI зауэмрэ Iэщэ къыщагъэсэбэп зэпэщIэувэныгъэхэмрэ хэта псоми хахуагъэрэ лIыгъэрэ къызэрагъэлъэгъуам папщIэ. Фи хэкупсагъэр, пщIэмрэ щыхьымрэ япэ зэривгъэщам, фыкъэмылэнджэжу фи къалэн зэрывгъэзэщIам папщIэ фIыщIэ фхузощI. ЩIыналъэм и унафэщIхэм адэкIи сытри ящIэнущ ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъакъуэр, я нэIэ зэрытетыр зыхащIэн папщIэ.

Дигу ихунукъым Хэкум папщIэ зи гъащIэр зытахэр. Ди щхьэ яхудогъэщхъ псэу ветеранхэм. Щхьэхуэу фIыщIэ яхудощI нобэ дзэ Iуэху хэхам къалэн щызыгъэзащIэхэм.

«Ветеран лъапIэхэ, махуэшхуэмкIэ дынывохъуэхъу! Узыншагъэ, лъагъуныгъэ, унагъуэ быдэ дэтхэнэми фиIэну!» - щитхащ Темрезов Рашид МАКС-м

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым

Шапсыгъхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хиубыдэу Лазаревскэ район библиотекэ нэхъыщхьэм щекIуэкIащ «Лъэпкъыбэ Сочэ: шапсыгъ адыгэхэм я щэнхабзэ щIэинхэр» конференцыр.

АР КЪЫЗЭIУИХАЩ икIи иригъэкIуэкIащ Сочэ къалэм и «Лазаревскэ ЦБС»-м и унафэщI Тхьэгъущ Маретэ. Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, абы жиIащ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ къалэм, щIыналъэм щыхъумэным, щыгъэбыдэным и Iуэхукlэ купщIафIэу зэпсэлъэну зэригуапэр.

Лазаревскэ къалэ кIуэцI районым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Кириченкэ Светланэ щIыналъэм и Iэтащхьэ Ермолаев Максим и фIэхъус псалъэхэм къеджащ, мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкIыну зэрыщыгугъыр жиIащ.

Хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид тепсэлъыхьащ хэкурыс лъэпкъым зэрызиужьыну гъуэгухэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ зэрапыщIам, мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я лъахэу къалъытэ Сочэ къалэ-зыгъэпсэхупIэм и теплъэр махуэ къэс зэрырагъэфIакIуэм, нэгъуэщIхэми. Тхьэмадэм IупщIу къыхигъэщащ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэныр унагъуэхэм къызэрыщежьэр, адыгэр адыгэу къызэтенэн папщIэ бзэр хъумэн зэрыхуейр.

Ди лъэпкъэгъухэр зэрыпсалъэ диалектым и дахагъыр псэкIэ зыхыуигъащIэу къэпсэлъащ дохутыр, усакIуэ, музыкант Iэлалэ Хьэсэн. Ар анэдэлъхубзэкIэ усэ къеджащ, бзэр хъумэн зэрыхуейм гузавэу тепсэлъыхьащ, гъэщIэгъуэн куэд утыку кърихьащи, нэхъ зэпкърыхауэ къэдгъэлъэгъуэнут зи гугъу ищIахэр.

- Бзэр цIыхухэр зэрызэпсалъэ Iэмал къудейкъым, атIэ лъэпкъым и щIэин нэхъыщхьэщ, абы и тхыдэр, щэнхабзэр, дуней еплъыкIэр къызытещщ. Адыгэбзэм и шапсыгъ диалектыр гулъытэ зыхуэщIыпхъэ щэнхабзэ щIэину къызолъытэ, ар Iэмал имыIэу хъумэн хуейщ, – жиIащ Хьэсэн.

Хирург щIалэр къызыхэкIам зэрыхуэпэжыр, и лъэпкъым гууз-лыуз зэрыхуиIэр нэрылъагъуу абы и тхыдэми, тхыбзэми, щэнхабзэми, къекIуэкIыкIэми фIыуэ хещIыкI. Мис ахэр и лъабжьэу игъэхьэзыра докладым къыщигъэлъэгъуащ шапсыгъ диалектым и къежьапIэр, абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэр, адрей псэлъэкIэхэм къащхьэщыкIыу шапсыгъ псэлъэкIэм щахъумахэр, нэгъуэщIхэри. Бзэм и макъхэм, псэлъэкIэм, абыхэм я зэхэлъыкIэр зыдж щIэныгъэм я гугъу щищIым, Хьэсэн къыхигъэщхьэхукIащ пасэрей макъ дэкIуашэхэр шапсыгъ псэлъэкIэм хъума зэрыщыхъуар, макъ зешэхэм я къэIукIэ щхьэхуэхэр, нэгъуэщI диалектхэм хэмыту шапсыгъ диалектым къыхэна псалъэхэр, жьы хъуа псалъэу нобэрей шапсыгъыбзэм хуэхъумахэр, шапсыгъ диалектым кIэмыргуеибзэм къыщхьэщыкIыу хэт макъхэр, псалъэхэр, жыIэгъуэхэр.

НобэкIэ Урысей Федерацэм шапсыгъ 14500-рэ щопсэу, ахэр Краснодар краймрэ Адыгэ Республикэмрэ исщ. Апхуэдэуи Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым щыхэхэсщ. Хьэсэн зи гугъу ищIахэм ящыщщ ахэр зэрыпсалъэ шапсыгъ диалектыр иджыри псэлъэкIищу зэрызэщхьэщыкIыжыр, щыпсэу щIыпIэм елъытауэ зэхэкIауэ (прикубанскэ, агуй, хакIушынэ).

Iэлалэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ гуайе диалект зэрыщыIари, абы ирипсалъэр гуайе лIакъуэм щыщхэрт. 19-нэ лIэщIыгъуэм Кавказым ис адыгэ лIакъуэхэм я нэхъыжь дыдэу ялъытэу щытащ ар, ауэ шапсыгъхэм яхэшыпсыхьыжащ.

- Нобэ дызэрыхуа щытыкIэм уеплъмэ, шапсыгъ диалектыр кIуэдыжынкIэ хъуну шынагъуэ щыIэщ, – жиIащ Хьэсэн. - Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Псом япэр щIалэгъуалэр я хэку цIыкIум икIыурэ Урысейм и къалэшхуэхэм зэрыIэпхъуэрщ. Апхуэдэуи Интернет, телевидение, социальнэ сетхэм нэхъыбэу щызекIуэр зы бзэщ; псэукIэм, экономикэм нэхъ лъэщIыхьэн папщIэ фейдэ зыпылъу къалъытэр урысыбзэрщ; шапсыгъыбзэкIэ ягъэхьэзыр зэрырагъаджэ программэу, тхылъу щыIэр мащIэщ. ХэкIыпIэу къызолъытэ шапсыгъхэр нэхъыбэу зэрыс щIыпIэхэм шапсыгъыбзэр школ программэхэм щыхагъэхьэн хуейуэ, диалектологиемкIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр гъэхьэзырыныр, къытедзэныр дэIыгъыпхъэу, бзэм теухуа щэнхабзэ проектхэм мылъку хухэхыныр Iэмал зимыIэу, сабийхэми балигъхэми папщIэ бзэр щагъэлажьэ гупжьейхэмрэ клубхэмрэ къызэIухыпхъэу, шапсыгъ адыгэхэм я фестивалхэр, зэхьэзэхуэхэр, мастер-классхэр щIэхщIэхыурэ егъэкIуэкIын хуейуэ, унагъуэхэм бзэмкIэ щыпсалъэхэм гулъытэ яхуэщIыпхъэу, лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ хабзэмрэ къыдэкIуэтей щIэблэм яIэщIэлъхьэным телэжьэныр япэ игъэщыныр, иджыпсту нэхъ хэкIыпIэфIрарщи, шапсыгъ диалектымкIэ лажьэ телефон гуэдзэнхэр, онлайн курсхэр къызэгъэпэщыныр щхьэпэу; ди бзэкIэ мульфильмхэр, зэпсэлъэныгъэ кIэщIхэр, роликхэр техыпхъэу, социальнэ сетхэр анэдэлъхубзэкIэ ягъэлэжьэну къыхуеджэныр, шапсыгъыбзэм и псалъалъэ, грамматикэ тхылъ къыдэгъэкIын хуейуэ, IуэрыIуатэр – хъыбархэр, шыпсэхэр, уэрэдхэр, псалъэжьхэр - шапсыгъыбзэкIэ зэхуэхьэсыпхъэу, нэгъуэщIхэри.

- КIэщIу жыпIэмэ, бзэр хъумэныр лингвистхэмрэ этнографхэмрэ я закъуэкъым зи пщэ къыдэхуэр, атIэ жылагъуэм, лъэпкъым я къалэн нэхъыщхьэщ. Унагъуэми къэралми ди къарур зэхэтлъхьэмэ, тхузэфIэкIыну аращ ди бзэр къыдэкIуэтей щIэблэм яIэщIэтлъхьэныр. Псори зэгъусэу девгъэлажь абы, ди бзэр музейхэм щахъумэ хьэпшыпхэм ещхь мыхъуу, зиужьу, щIэблэм ягъэшэрыуэу щытын щхьэкIэ. АнэдэлъхубзэрIыр тхъумэкIэрэ дунейпсо тхыдэмрэ IущагъымрЭ дэри ди Iыхьэ гуэр хыдолъхьэ. Ар зыщыдывмыгъэгъупщэу ди бзэм дыхуэвгъэсакъ!

Лазаревскэ къуажэм дэт этнографие музейм и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Хъушт Iэминат шапсыгъхэм я хабзэм, тхыдэм, щэнхабзэм я гугъу ищIащ.

Дыщэидэм хуэIэзэ Куэблэ ФатIимэ къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ дуней псом щыцIэрыIуэ дыщэ IуданэкIэ зэрыхадыкI щIыкIэхэр.

Лъэпкъым и хьэл-щэныр, и хабзэр, и шыфэлIыфэр къэзыгъэлъагъуэр и къафэмрэ макъамэмрэщ. Абы убгъуауэ тепсэлъыхьащ Гырбэ Суретэ.

Конференцым хэтахэмрэ хьэщIэхэмрэ гулъытэшхуэ хуащIащ «Аше» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и къызэгъэпэщакIуэхэу ТIэшхэ Сафэтрэ Шамсэтрэ ирагъэкIуэкIа мастер-классхэм, абы ныбжьыщIэхэр щыхуагъасэрт хэдыкIыным, Iуданэ зэрыхъэным, арджэн щIыкIэм.

«Адыгэ гукъыдэж» гъэлъэгъуэныгъэм сурэтыщI Iэзэ ЛIыфэ ФатIимэ и IэдакъэщIэкI сурэтхэр щызэхуэхьэсат. ФIэщыгъэцIэм къызэрыбжиIэщи, абы щынэрылъагъут адыгэ лъэпкъым и псэм и щытыкIэр, и хьэл-щэныр зыхуэдэр, нэгъуэщIхэри. АдэкIэ къыщыт «Шапсыгъ адыгэхэм я щэнхабзэ код» гъэлъэгъуэныгъэм конференцым хэтхэр щигъэгъуэзащ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэм, щэнхэм, тхыдэм ятеухуауэ дунейм къытехьа тхылъхэм.

Конференцым кърикIуахэр щызэхилъхьэжым, Сочэ къалэ администрацэм и лэжьакIуэ Старо-дуб Татьянэ къыхигъэщащ къэпсэлъахэм Iуэхугъуэ куэд къызэрызэщIаубыдам и фIыгъэкIэ, шапсыгъ адыгэхэм я щэнхабзэмрэ псэукIэмрэ къызэхуэсахэр зэрыдихьэхар.

Сочэ къалэм и администрацэм, ЩэнхабзэмкIэ управленэм фIыщIэ псалъэхэр яхужиIащ Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид, лъэпкъ куэд зыдэс къалэр зыхуэныкъуэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху къызэрызэрагъэпэщам папщIэ. «Нобэрей зэIущIэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр пэш щэхухэм мыхъуу, зэIущIэ гукъинэжхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм я хабзэхэм зыщыбгъэгъуэзэным къызэрыпэкIуэр. Ди къарур зыхэлъыр дызэрызэныбжьэгъуфIырщ, пщIэзэрызэхуэтщIыфырщ, апхуэдэ щIыкIэкIэщ къэкIуэнур зэрыдухуэфынури», – жиIащ Мэжид.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ Лазаревскэ куейм щыIэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и «Насып» пшынауэ гупым.

Мы тхыгъэм и кIэухыу, конференцым доклад купщIафIэ щызыщIа шапсыгъ усакIуэ Iэлалэ Хьэсэн и Iэдакъэ къыщIэкIа, абдеж щыжиIа «Ауэ пщIэрkъым адыгэбзэр» усэр, шапсыгъ диалекткIэ тхар, фи пащхьэ идолъхьэ.

Арау о пшIэрэп Адыгабзэр

Тыдэ сыщымыIэми бзэр сэгъэлъапI,
Ащ хэлъ сятэжъ пIашъэм ихабзэр,
Тилъэпкъы тарихъыми ар икъежьапI,
Арау о пшIэрэп Адыгабзэр...
Чъыгым икъутамэри мэгъуи пэзыжь,
Сымаджэу хъумэ ащ ылъапсэр...
Бзэм лIакъом ылъапсэм о унигъэсыжь,
Арау о пшIэрэп Адыгабзэр...
Бзэм къыпфиIотэщт блэкIыгъэм ишъыпкъ,
Псынэпсы IэшIум фэдэу къабз ар!
Ар тшIэфэ пытэщт тилъэпкъыми ыпкъ,
Арау о пшIэрэп Адыгабзэр...
Жьы къабзэм фэдэу ныдэлъфыбзэр
сэ скIыгъу,
Мэкъамэм фэдэу мэбзэрабзэ!
Къэбар горэ сэ къэсIотэнэу сшIоигъу,
Арау о пшIэрэп Адыгабзэр...

Тхыгъэри сурэтхэри
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ *ейщ.*

ЕхъулIэныгъэхэм я быдапIэ

Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ фондым зэхыхьэ гуапэ щрагъэкIуэкIащ, Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэм теухуауэ (мэкъуауэгъуэм и 25-м ягъэлъапIэ).

МЫПХУЭДЭ зэхыхьэхэм щызэрохьэлIэ республикэм лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэу щыIэхэм я лIыкIуэхэр, къэрал къулыкъущIэхэм ящыщхэр, гъуазджэм телажьэ гупхэм хэтхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIахэр, щIалэгъуалэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, жыпIэнурамэ, мамырыгъэр зэгурыIуэныгъэр, хабзэ дахэхэр хъума зэрыхъуным тезыгъащIэхэр. А Iуэхум ди щIыналъэм нэхъ щыхуэлажьэр «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэу урысхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным зи гуащIэ хэзылъхьэрщ. Иужьрей илъэсхэм зыкъызэрагъэлъэгъуамкIи, мыбы хэтхэм ди республикэм щэнхабзэм зыщиужьынымкIэ жэрдэмыщIэхэр къыхалъхьэ къудейкъым, атIэ цIыху къызэрыгуэкIхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуным теухуауэ къэрал IэнатIэхэм зыпащIэнымкIэ, Iуэху зэрыщыIэр кърагъэщIэнымкIэ сэбэп мэхъу.

Зэхуэсым хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблеем и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ IуэхухэмкIэ щыIэ советым хэт Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждэн жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий, «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэт Литвинов Роман, «Сябры» зэгухьэныгъэм и унафэщI Ярмоленкэ Анатолий, «Днипро» щэнхабзэмкIэ центрым и унафэщI Ивановэ Светланэ, Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ ЩэнхабзэмкIэ фондым и унафэщI Мэкъуауэ Люазэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, дин IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр.

Зи гугъу тщIы фондым и IуэхущIапIэм и пэIущIэ пэшым и зы плIанэпэм деж щыт стIолым телът лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэр.

Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм теухуа зэIущIэр Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ къызэIуахащ.

Япэу псалъэ зратар пшыхьыр зи жэрдэм «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Романти, абы и гугъу ищIащ екIуэкI Iуэхум и мыхьэнэм.

- Зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъуныгъэмрэ и махуэшхуэм псом хуэмыдэу дигу къыдогъэкIыж дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэ, ди Хэкум и уэгур мамыру щытыным псэемыблэжу щIэзэу ди лIыхъужьхэр. ФIыщIэ ин яхудощI апхуэдэ щIалэ къуданхэр зи унагъуэ къикIа адэ-анэхэм. Абыхэм я лIыгъэр и щапхъэ наIуэщ зэкъуэтыныгъэр сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми зэрытекIуэм. АтIэ, адыгэхэр, балъкъэрхэр, урысхэр, ди къэралым щыпсэу псори нэхъ быдэжу дызэкъуэвгъэувэ, ди зэхуэдэ унэр - Урысейр - мамырыгъэм, щэнхабзэм, ехъулIэныгъэхэм я быдапIэу щытын икIи къэкIуэну щIэблэм гъуазэ яхуэхъун папщIэ.

Ди Хэкум и тхыдэр гъэнщIащ лIыхъужьыгъэрэ зэдэIэпыкъуныгъэкIэ. Дэтхэнэ лъэпкъми и хабзэм пщIэ хуэпщIыным къикIыр уи щэнхабзэм и лъабжьэр бгъэбыдэнырщ. БлэкIам и дерсхэр зыщыдвмыгъэгъупщэ, зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я лъабжьэ быдэм тещIыхьа Урысейм и къэкIуэнур адэкIи екIуу щытын папщIэ, - жиIащ Литвиновым.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр.

- 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу гъэувыным теухуауэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къищта унафэр лъэпкъ куэду зэхэс ди къэралым и лъапIэныгъэ купщIафIэхэр дигу къэзыгъэкIыж Iуэхугъуэщ. Щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щызэхэухуэна ди Къэбэрдей-Балъкъэрым щыдолъагъу лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм къиихь дахагъэмрэ беягъэмрэ. Дыхуейщ ди зэхущытыкIэфIым хэдгъахъуэ зэпыту дыпсэуну, щIэблэми дызэхахыну, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Текуев Амырбий къыпищащ:

- Лъэпкъхэр дызэныбжьэгъумэ, дызэрыIыгъмэ, ар насыпышхуэщ. Хэку зауэшхуэм и зэманым ди нэхъыжьыфIхэм къагъэлъэгъуащ ар, зэкъуэтыныгъэм къытхуихьащ ТекIуэныгъэр. Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ. Щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэ куэдыр тхъумэну, Урысейм и лъэпкъхэр дызэгурыIуэрэ-дызэдэIуэжу дыпсэумэ, ди къэралым къыхуэдзэлашхэхэм дазэрытекIуэну Iэщэр аращ. ЩIалэгъуалэм едгъэлъагъу щапхъэм дерс къызэрыхахынуми шэч хэлъкъым.

Къызэхуэсахэм къыхагъэщащ зэкъуэтыныгъэр псом ящхьэу зэрыщытыр, зэгурымыIуэныгъэм хьэлэбэлыкъыу къишэр зыхуэдизыр.

Зэхыхьэм хэтахэм фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ Мэкъуауэ Люазэ:

- Мы зэхуэсым къекIуэлIа дэтхэнэми фIыщIэ фхузощI, фи Iуэху къэвгъанэу зыкъызэревгъэхьэлIам папщIэ. Хэкум ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкIэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр щхьэпэщ нэхъри зэкъуэувэнымкIэ, зэрыIыгъынымкIэ, - жиIащ абы.

Зэхыхьэм щыIуащ уэрэдхэмрэ, усэхэмрэ, ягъэзэщIащ урыс къафэхэр. Зэраусрэ куэд мыщIами, цIыху куэдым ягу дыхьа «Матушка-Земля» урыс уэрэдыр жиIащ Прохладнэ куейм къикIа «Мечта» ансамблым хэт Клименкэ Юлие, къэфакIуэ гуп «Новое дыхание» зи фIэщыгъэр и гъусэу.

ЗэIущIэм хэтахэм фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

Тхыгъэри сурэтри
КЪАНКЪУЛ Раисэ *ейщ.*

Европэм щыпсэу адыгэхэр

Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм зэрызахъумэж Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр яIэщ. Абыхэм ящыщщ илъэс къэс къыщызэрагъэпэщ щэнхабзэ зэхыхьэхэр. Апхуэдэ хабзэ щыуващ Германиеми. Европэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ фестиваль гъэ къэс ирагъэкIуэкI. Мы гъэм ар Мюнхен щыIащ, цIыху 800-м нэс хэту. Iуэхур зэрыдаха щIыкIэм тедгъэпсэлъыхьыжыну «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къедгъэблэгъащ Европэм щыIэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Вэрокъуэ Затий.

- МЫР Хасэхэм чэзууэ я пщэ дэлъ къалэнщ. Мы гъэм къызэзыгъэпэщар Мюнхен щыIэ хасэращ. ЕтIанэгъэ Кёльн Хасэм и пщэ къыдэхуащ, - жеIэ Затий. - Мы фестивалыр жэщищ-махуищкIэ зэхэтщ, нэхъ мащIэ дыдэу цIыху 500 хуэдиз щызэхуэсу. А жэрдэмыр ди нэхъыжьхэм къагупсыса Iуэхущ. Хасэхэр псори зэгухьэу федерацэр къэунэхуа нэужь, нэхъ зэрыIыгъынщ, зэрыубыдынщ жаIэри, илъэсым зэ зэхыхьэшхуэ къызэрагъэпэщу хуежьати, абы иджыри дытетщ.

ФIагъыу хэлъыр сыт жыпIэмэ, щIалэгъуалэр щызэроцIыху, я анэдэлъхубзэмкIэ щызопсалъэ, нэхъыжьхэми зэхуэсыпIэ щхьэхуэ яIэщи, зэдоуэршэр, гугъуехь гуэр къапэщылъмэ, ар зэфIэха зэрыхъуным, хэкIыпIэхэм топсэлъыхь. Куэд щызэроцIыху мыбы, хэт дэнэ щеджэми, щылажьэми, и щхьэ Iуэху зэрихуэми къащIэ, телефонхэр зэIэпахри, зэпыщIа мэхъу.

Нэмыцэм щыIэ адыгэхэр Германием и гъунэгъу къэрал куэдым щызэбгрыкIащ, паспорт зыбжанэ зиIэхэр диIэщ. Ахэр псори щызэхуэсыж, щызэрыщIэ фестивалщ зи гугъу тщIыр. Километр бжыгъэхэр къызэпачри машинэкIэ, кхъухьлъатэкIэ къокIуалIэ абы цIыхухэр. Голландие, Бельгие, Франджы, Тырку, Иордание, Сирие, къэрал куэдым щыщхэр яфIэгъэщIэгъуэну, илъэс псом пэплъауэ къызэхуос.

Фестивалым лъабжьэ хуэхъур щэнхабзэращ. Лъэпкъ зэхэщIыкIыр ныбжьыщIэхэм яхэтлъхьэнырщ, хэкум, хабзэм, тхыдэм гулъытэ хуедгъэщIынырщ зиужь дитыр. Зэрыадыгэр ящIэжу къэдгъэхъуну дыхущIокъу.

Мыгъэрей фестивалым, псалъэм папщIэ, нэмыцэм къикIыу нэгъабэ зыплъыхьакIуэ хэкум къэкIуахэм траха фильмыр щагъэлъэгъуэжащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, Шапсыгъми щыIахэт, цIыху куэдым яхуэзат, щIыпIэ дахэхэм видео трахат. «Хэкур зэдогъэцIыху» фIэщыгъэм щIэту а зэIущIэр екIуэкIащ. Ини цIыкIуи гуфIэу еплъащ фильмым, къызыгурымыIуэхэм нэмыцэбзэкIэ тэрмэш хуащIащ. Хэкум къэкIуауэ, зригъэцIыхуауэ цIыхуипщI яхэтми арат къызэхуэса къомым, хуабжьу ящIэщыгъуэу еплъащ. Мис ар ялъэгъуа нэужь, цIыху щэныкъуэм нэс гупыж ящIащ мы фокIадэм ирихьэлIэу адэжь хэкум къакIуэ гъуэгум къытеувэну.

А псом нэмыщI, цIыхушхуэ кърихьэлIауэ уэрамым джэгу щащIащ. Абы блэкI-къыблэкIыжхэр къеплъырт, уеблэмэ къафэм къыхыхьаи къахэкIащ.

Иужьрей илъэс 15-м слъагъуу, Хасэхэм къекIуалIэ щIалэгъуалэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу, лъэпкъ Iуэхум гулъытэ нэхъ хуащIу щытщ. Адыгэ щIалэгъуалэр Хасэ лэжьыгъэхэм, адыгагъэм нэхъ дихьэх хъуауэ жысIэмэ, пцIы супсынукъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Iуэху гуэр екIуэкIыу Мюнхен щыIэ Хасэм и лIыкIуэ зыщIыпIэ кIуэн хуей хъумэ, цIыхуипщI зэрымыгъэхъуфу, тху къудей зэхуашэсрэ кIуэуэ щытамэ, иджы дакъикъэ бжыгъэм а тIощIрэ пщIыр къэувынущ.

Апхуэдэ дыдэу нэхъапэм илъэсым зэ зэхуэсу щытамэ, иджыпсту адыгэ щIалэгъуалэм щхьэусыгъуэ куэд къагупсыс хъуащи, абыи ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, дунейр хуабэ хъужащи, «гриль-фест» жаIэнщи, зэхыхьэнщ, джэгу ящIынщ, бзэр зыщIэ яхэтмэ, къагъэпсэлъэнщ е зэпеуэ гуэр къагупсысынщи, зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкIынущ. Сытым дежи тегъэщIапIэ ящIыр адыгэбзэр ягъэIуныр, адыгэ хабзэр зэрагъэщIэнырщ.

Си хъуэпсапIэщ Хэкум щыщхэри нытхыхьэу, программэ купщIафIэ зэхэтлъхьэу, жэщибл-махуиблкIэ екIуэкIыу Iуэхум зедгъэубгъуну. Абы щIэныгъэри, тхыдэри, щэнхабзэри, гъуазджэри, спортри къыпхуэзэщIегъэубыдэнут. Дэнэ къэрали щыщхэр къохъуапсэ мыбы къекIуэлIэну, тхузэфIэкIрэ нэхъ зедгъэубгъуамэ, куэд дыдэ тхузэхуэшэсынут.

Хамэхэм уащыхэсым деж къалэн къудей мыхъуу, узыгъэгузавэу уи гум илъыр а узыхэсхэм уахэмышыпсыхьыжынырщ. Дэри псом япэ идгъэщыр ди адыгэбзэр, хабзэр, адыгагъэр тхъумэжынырщ, абы щIэблэр щIэтпIыкIынырщ. Нэмыцэм щыIэ Хасэхэм унагъуэкIэрэ къокIуалIэ адыгэхэр. Абы нэхъыжьхэми, бзылъхугъэхэми, щIалэгъуалэми къалэн зырыз щаIэщ. Сабийхэр адыгагъэм нэхъ зэрыдедгъэхьэхыр адыгэ къафэращ.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, Мюнхен щыIэ Хасэр илъэс 54-рэ хъуауэ мэлажьэ. Ар нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Унагъуи 120-рэ хуэдиз къокIуалIэ абы. Адыгэ нэхъыбэ къыщызэхуэсыр мис мыпхуэдэ фестиваль, махуэшхуэ гуэрхэр щекIуэкIым дежщ.

Унагъуэхэм я сабийхэр илъэситI хуэдизкIэ Хасэхэм ягъакIуэ. Пэжщ, ар куэдкъым, ауэ, итIани, зыщыщымрэ къызыхэкIамрэ ищIэжу къэхъуным кIэ ар сэбэпщ. ЩIалэгъуалэм, зэрыжысIащи, адыгэбзэр ямыщIэми, адыгагъэ яхэлъщ. Фи фIэщ хъумэ, Европэм адыгэ хабзэр пхэлъу ущызекIуэмэ, абы псоми уакъыхегъэщ. Уакъыхигъэщым и мызакъуэу, пщIэ щыбгъуэтынущ, узыхыхьэхэм щIыхь къыпхуащIынущ. Ар сэ си щхьэкIэ згъэунэхуащ. Европей хэм нэхърэ нэхъ лейуэ зыри щсIэркъым, си лъэпкъ хабзэм сытету араци, пщIэ къыскIэлъызэрахьэу щIадзэ, сызыщыщ лъэпкъым къыщIоупщIэ. Мис абы щхьэкIэ сыхуейщ сабийхэр Хасэм къекIуэлIэну, зэрыадыгэр ящIэжу къэдгъэхъуну.

Затий зэрыжиIэмкIэ, бзэр зыгъэшэрыуэ куэд яхэмытми, Европэм щыIэ адыгэ щIалэгъуалэм адыгэгу якIуэцIылъщ. Адыгэ Iуэху къыдэпхамэ, ахъшэм щысхьынукъым, нэхъ мащIэ дыдэу евро мин халъхьэну хьэзырхэщ. ЦIыхубэм я жэрдэмрэ я мылъкукIэщ мы фестивалхэр зэрекIуэкIыр.

ДАРИЙ Дахэнур.

Мы махуэхэм

ЩIалэгъуалэ политикэм зрагъэужь

«ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «ЩIалэгъуалэ щIыналъэ» президент программэм кърикIуахэр наIуэ хъуащ.

«УФ-м и Президент Путин Владимир и фIыгъэкIэ къэралым къыщызэрагъэпэщ щIалэгъуалэм, щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, я зэчийр къыщагъэсэбэпын, я зэфIэкIхэр щагъэунэхун, гъащIэ жыджэр щрахьэкIын, IуэхуфIхэр щалэжьын щIыпIэхэр, - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий, программэм кърикIуахэм я гугъу щищIым.

Вице-премьерым къызэрыхигъэщамкIэ, хэгъэгухэм щыIэ щIалэгъуалэ политикэм зрагъэужьын папщIэ, мы гъэм а программэм ипкъ иткIэ, щIыналъэ 40-м сом меларди 4,5-рэ яIэрыхьэнущ. А мылъкумкIэ щIыналъэхэм зрагъэпэщыжыфынущ щIалэгъуалэр щызэхуэс щIыпIэу 100-м нэблагъэ, IэщIагъэлI мини 4-м нэс ирагъэджэфынущ, IэнатIэхэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр къащэхуфынущ.

«ЩIалэгъуалэ щIыналъэ» программэмкIэ нэхъапэкIэ къызэIуаха центрхэм жыджэру я къалэныр ягъэзащIэ: ныбжьыщIэхэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ, я творческэ зэфIэкIхэр дэIыгъынымкIэ, фиджитал-спортым зегъэужьынымкIэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми ятеухуа лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI.

Хэкупсагъэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIынущ

УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей «ЛIыхъужьхэм я зэман» къэрал программэм хэтхэм щахуэзам жиIащ школхэм хэкупсэ гъэсэныгъэм гулъытэ щхьэхуэ зэрыщыхуащIыр.

«6 - 11-нэ классхэм щадж «Шынагъуэншагъэм и лъабжьэмрэ Хэкур хъумэнымрэ» предметыр. Абы хухаха сыхьэт бжыгъэм и процент 20-р пэщIэдзэ дзэ хуэIухуэщIэхэм хуэгъэхьэзырыным хуэгъэпсат. Иджы, фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ, дерсхэм я процент 50-р а Iуэхум хухэхауэ щытынущ. Программэм хыхьэу яджынущ зезыгъакIуэр зэрымыс жыыхулъатэм и зэхэлъыкIэр, апхуэдэуи дзэ зыгъэсэныгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ, - къыхигъэщащ абы.

Министрым жиIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр школхэмрэ колледжхэмрэ щылэжьэн папщIэ, абыхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ, дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ «Вершина» центр къызэрызэрагъэпэщар.

Бадзэуэгъуэм и 2,
махуэку

♦**Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ**

♦**Тенджыз, псы флотым и лэжьакIуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Уфологым и дунейпсо махуэщ**

♦**1964 гъэм** «Къэббалъкъгаз» IуэхущIапIэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1913 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ **Гъуэщокъуэ Хъусин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 3,
бэрэжьей

♦**ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

♦**1957 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу къыхуагъэфэщащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 30, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Дыгъуасэ КъБР-м къыщалъхуащ сабий 33-рэ. Абыхэм ящыщу 16-р хъыджэбз цIыкIущ, 17-р щIалэщ.

Илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ ди республикэм дунейм къыщытехьащ сабий 4409-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псыпэр зэрыжэм псыкIэри ирожэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэр йофIакIуэ

УФ-м и Президент Путин Владимир мэкъуауэгъуэм и 17-м Мэзкуу щригъэблэгъащ Тыркум къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министр Фидан Хакан.

«Ди зэхущытыкIэр куэд щIащ узэрыцIыхун къудейм зэрыфIэкIрэ, ахэр зэныбжьэгъугъэм хуэкIуауэ, махуэ къэс нэхъ куу мэхъу, - жиIащ Путин Владимир Фидан Хакан щригъэблэгъа зэIущIэм. Президентыр хьэщIэм елъэIуащ Эрдоган Тайип сэлам гуапэ хурихыжыну икIи ар Урысейм щалъагъуным я нэ къыхуикI зэпыту зэрыщытыр лъигъэIэсыжыну.

Мэзкуу зэIущIэр иуха нэужь, тырку министрыр Къэзан щыхуэзащ УФ-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей. Тырку каналхэр егъэлеяуэ щыгуфIыкIащ Фидан Урысейм пщIэ къызэрыщыхуащIам. ХьэщIэр фIыуэ зэралъагъум и нэщэнэу, Лавровыр протоколым къытекIри, министрыр щIыхьэпIэм деж щригъэблэгъащ, езым и пэшым щыпэмыплъэу.

Фидан и хьэщIэгъуэм и Iыхьэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм язт ар МГИМО университет цIэрыIуэм зэрашар. Зи гугъу тщIы еджапIэ нэхъыщхьэм и ректор, академик Торкунов Анатолий езым и IэкIэ тырку министрым щитIэгъащ «щIыхь зиIэ доктор» цIэ лъапIэр зезыхьэм и фащэр. ХьэщIэр еджакIуэхэм щаригъэцIыхум, Торкуновыр тепсэлъыхьащ Фидан бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэрихьа IэнатIэхэмрэ. Тыркум и дзэм зэрыхэтам къыдэкIуэу, президентыщIэ хъуну зыхуагъэфащэ щIалэр егъэджакIуэуи лэжьащ, къэхутэныгъэ лэжьыгъи иригъэкIуэкIащ. «Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ министрыр хамэ къэралхэм щIэныгъэ IуэхукIэ епха академикыу зэрыщытыр», - жиIащ Торкуновым. Ректорым къыхигъэщащ МГИМО-м и студент 220-м тыркубзэр зэраджри.

Езы министрыр студентхэм я пащхьэм инджылызыбзэкIэ къыщыпсэлъащ. ЦIэ лъапIэ къызэрыхуагъэфэщам папщIэ Торкуновым фIыщIэ хуищIа нэужь, Фидан жиIащ МГИМО цIэрыIуэм и доктору щытыныр пщIэшхуэу къызэрилъытэр. Дипломат 80 къыщIэзыгъэкIа университетым къэрал лэжьакIуэхэр егъэхьэзыр, абы щеджахэм яубзыху Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ я зэхуакум дэлъыну зэхущытыкIэр.

Тырку министрым игу къигъэкIыжащ МГИМО-р къэзыуха, 2016 гъэм Тыркум щаукIауэ щыта, Урысейм и полномочнэ лIыкIуэ Карлов Андрей. «Дипломат лэжьыгъэр зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэу зэрыщытыр уигу къегъэкIыж абы къызэринэкIа щIэиным, и щапхъэр и ужь къиувэнухэм щхьэпэ яхуохъу», - жиIащ Фидан.

Министрыр тепсэлъыхьащ Урысейр лъэныкъуэкIэ езыгъэкIуэтэкIыну хэт Европэм и унафэщIхэм ящIэр зэрымыхъунуми: «Тыркум и еплъыкIэр сыт щыгъуи IупщIщ: Европэм и шынагъуэншагъэр Урысейр хэмыту зэтеувэнукъым. ЗэхущытыкIэ узыншэм и лъабжьэр пIалъэ кIыхькIэ быдэу щытын папщIэ, Урысейм хуэдэ къэрал лъэрызехьэм абы и увыпIэ щиIыгъыжыпхъэщ».

Кавказ зэкъуэтыныгъэ

Мэкъуауэгъуэм и 15 - 22-хэм я зэхуакум Ингуш Республикэм щызэблэкIа цIыху мин 25-м гу ялъумытапIэ иIэтэкъым. Абыхэм къалъыхъуэрт Сунжэ псыежэхым щIилъэфа Дербичев Хъызыр.

ЩIАЛЭ цIыкIур илъэси 8 щрикъуа мэкъуауэгъуэм и 20-м иджыри къагъуэтыжатэкъым. Гузэвэгъуэр къыщыхъуа махуэм зи анэр школым медсестрауэ щылажьэ Хъызыр и къуэш нэхъыщIэм къыбгъэданат. Зыгъэпсэхугъуэм и Iуэхур гурыIуэгъуэкъэ? ЩIалэ цIыкIуищ зэрыгъэIущри, Сунжэ псыежэхым и Iуфэм щыджэгуну кIуахэщ. Iэдэм псым щыхэхуэм, Мухьэмэд: «ЛIыхэм дыкъевгъаджэ» - жиIащ. «Дэ дылIкъэ? Дэ къыхэтхыж сыт щIэмыхъунур?» - пидзыжри, илъэси 7 фIэкIа мыхъуа лIы хъупхъэр псым хэлъащ. Къудамэ гуэрым епхъуа Iэдэм Мухьэмэд къиша балигъхэм къыхахыжыну хунэса щхьэкIэ, езы Хъызыр Сунжэ и къарур къытекIуащ.

Псым итхьэла сабийр къагъуэтыжри щIалъхьэжащ. Ауэ Хъызыр къалъыхъуэху, Къэрэбулак и Iэгъуэблагъэм щызэхуэса къомым уримыгушхуэнкIэ Iэмал имыIэу, кавказ гъэсэныгъэмрэ зэкъуэувэкIэмрэ я къарур къагъэщIэрэщIэжащ.

- Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ткIэрохуу щIалэгъуалэр, абыхэм ящыщ гуэрхэр псым зэритхьэлэри щэхукъым. Ауэ илъэсий фIэкIа мыхъуа сабийм зэры-Кавказу щызэригъэIуа зэи къэхъуакъым, - жиIащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и муфтий Гацалов Хьэжмурат, Хъызыр цIыкIу и адэшхуэм бгъэдыхьауэ щыхуэгузавэм. - Сыт апхуэдэу Алыхьталэм къыщIигъэхъункIи хъунур, жысIэу сыщегупсысым, жэуапу къэзгъуэтар зыщ: мы Iуэхум Алыхь Iэмыр хэлъщ. Ар нэщэнэу къыдитауэ аращ, Кавказым щыщхэр дызэрызэхущытыпхъэм теухуауэ.

Гугъу къадехьа псоми фIыщIэгуапэкIэ зыхуагъэзащ щIалэ цIыкIур къызыхэкIа Леймой лIакъуэм и нэхъыжьми, и адэшхуэми, и адэ-анэми. Дагъыстэныр, Грузиер, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Къэрэшей-Шэрджэсыр - Iэгъуэблагъэм ит щIыналъэ псори зэришэлIат Хъызыр цIыкIу псэууэ къагъуэтыжын гугъэм. Къыргъызым щыщ щIалэ гуэрым гъуэгу здытетым хъыбарыр щызэхихым, ИнгушымкIэ къигъазэри, къадэIэпыкъуащ. ЛIыкIуэхэр Къэзахъстанми къикIащ. Палестинэ жыжьэм щыщ сабийхэр тхьэ елъэIурт, щIалэ цIыкIур къагъуэтыжын папщIэ. Езы Ингуш щIыналъэм и хьэфизхэр псыежэхым и Iуфэм КъурIэн щеджа махуэм техуащ сабийм и хьэдэр къыщагъуэтыжар.

«Мазэ 13-кIэ сызэмыпсэлъа си къуэшымрэ сэрэ пщэдджыжьым зэгъусэу шей дефэри, Хъызыр къэтлъыхъуэну зэгъусэу дыкъежьащ», - жиIэжырт нэгъуэщI щIалэм. Илъэс зыбжанэ хъуауэ екIуэкI ингуш-осетин зэпэщIэтыныгъэр ужьыхыным мы нэщхъеягъуэр щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъуами и гугъу щIыпхъэщ. Сабийр щIалъхьа нэужь зыкIэлъыджэжа осетин лIыкIуэхэм яхэта депутат Дидаров Сослан абдежым щыжиIа псалъэхэр гукъинэжт, къаугъэ зи зэхуаку дэлъ лъэпкъ псоми зэхахыпхъэу:

- ДыкIуэжа нэужь, псори къыдэупщIырт: «Дауэ факъащыхъуа ингушхэм? Сыт къывжаIар?» «КхъыIэ, федзакъэ», «КхъыIэ, фымышхауэ фыдэмыкIыж», - а псалъэхэрщ къызэрытпекIуэкIар. Уеблэмэ зыгуэр тщIэну Iэмал къыдатыртэкъым, апхуэдизкIэ фIыуэ къытхущытти. Мис ахэр яжесIэжащ. ЛъэпкъитIым ди зэхуакум дэлъынкIи хъунур зэхущытыкIитIщ. Зыр – дигу иримыхь псори къэдгъэхейуэ, дызэпэщIэувэн, хэкIуадэр хэкIуадэу IэщэкIэ дызэзэуэн, а зэхущытыкIэ икIэр ди бынхэм щIэину къахуэдгъэнэнырщ. Адрейр – дигу иримыхь гуэрхэр щыIэу щытми, дызэрыцIыхур, гуауэри гуапэри зэгъусэу дгъэвыныр дэтхэнэ зыми ди лъэпкъ хабзэхэм зэрагъэнэхъапэр тщIэжу, зэгъунэгъу хуэдэу дызэдэупсэунырщ. А щытыкIэм тхыдэми, географиеми, Тхьэшхуэми дригъэувари, акъылрэ гупсысэрэ зиIэм къыхихынур мы етIуанэ гъуэгурщ.

Хъызыр и анэр сабий ещанэ къыхуэхъуну поплъэ. ГъащIэр и пIэ гува-щIэхами иувэжынущ, ауэ Кавказым укъыщалъхуныр укъыщыхъунымрэ и уасэр иджыри зэ дуней псом езыгъэлъэгъуахэм ди лъэр нэхъри нэхъ быдэж ящIащ, ди щIыпIэ махуэм и къарумрэ и пщIэмрэ тхъумэным дытригъэгушхуэу.

ЩIалэгъуалэр зэпащIэ

Ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэр ядолажьэ Урысейм и щIэныгъэ центр нэхъ инхэм. Абыхэм ящыщщ Сыбыр федеральнэ университетыр. А зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьынымкIэ къалэн нэхъыщхьэр зи пщэ дэлъыр КъБКъУ-м ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтымрэ СФУ-м педагогикэмкIэ, психологиемрэ социологиемкIэ и институтымрэщ.

МЫ МАХУЭХЭМ КъБКъУ-м и ИППиФСО-м щекIуэкIащ къызэраух лэжьыгъэхэр пхыгъэкIыныр. КъБКъУ-м къригъэблагъэри, Къызэраух къэрал аттестацэ комиссэм и унафэщIу щытащ психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, СФУ-м ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ социологиемкIэ и институтым и унафэщI Волковэ Олеся.

Красноярск щыщ IэщIагъэлIым щытхъу псалъэхэр жиIащ КъБКъУ-м и студентхэр, магистрантхэр, аспирантхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэм, университетым егъэджэныгъэ Iуэхур къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ. ХьэщIэм гулъытэ хэха хуищIащ КъБКъУ-м и магистрантхэм IуэхущIэ зэтраублэфахэм, апхуэдэуи жиIащ университетым езым и щIэныгъэ еджапIэхэмрэ щIалэгъуалэм я хьэрычэтымрэ ехъулIэныгъэ хэлъу зэрагъэкIуатэр зэрыщапхъэфIыр.

КъБКъУ-мрэ СФУ-мрэ зэдэлажьэу щыщIадзар 2023 гъэм и жэпуэгъуэ мазэрщ. Урысейпсо зэхыхьэм и утыкуращ еджапIэ нэхъыщхьитIым я институтхэм я унафэщIхэм зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щыщIадзар.

Волковэ Олеся къызэрыхигъэщамкIэ, КъБКъУ-мрэ СФУ-мрэ я егъэджэныгъэ программэхэр я купщIэкIэ зэгъунэгъу дыдэщ.

Нобэ ди университетым и ИППиФСО-м а зэдэлэжьэныгъэм жыджэру зрегъэужь, и еджакIуэхэр къэралым и щIэныгъэ IуэхущIапIэ пэрытхэм кIуэну игъэхьэзыру.

КъБКъУ-р щIыналъэ зэхуаку Iуэху щхьэпэхэм я купсэщ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэраубзыхуамкIэ, еджапIэхэм бжыхьэм студентхэр щызэхуашэсынущ Iуащхьэмахуэ лъапэ, гъатхэм - Сыбырым (Красноярск).

КъБКъУ-м и ИППиФСО-м ди студентхэр федеральнэ щIэныгъэ утыкухэм ишэнымкIэ Iэмалхэр къахузэрегъэпэщ. ДяпэкIэ я мурадщ зэгъусэу къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, тхыгъэхэр, монографиехэр ягъэхьэзырурэ университетым и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр къэралым и утыкушхуэхэм иришэну, IэщIагъэлI пажэхэм я нэIэ щIигъэувэну. Практикэ психологиемрэ егъэджэныгъэмкIэ ди университетым щекIуэкI лэжьыгъэхэмрэ Социологиемрэ педагогикэ психологиемкIэ сыбыр IэщIагъэлIхэм я къэхутэныгъэхэмрэ зэгъусэ ящIу, унэтIыныгъэм зрагъэужьыну я мурадщ дяпэкIэ.

- Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ КъБКъУ-м и студентхэм зэфIэкI зиIэхэм щапхъэ трах къудей мыхъуу, езыхэми я лэжьыгъэм нэгъуэщIхэр зэрыщагъэгъуазэм. Ди щIалэгъуалэр нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа я лэжьэгъухэм япыщIауэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыныр уасэ зимыIэ Iуэху зехьэкIэщ», - жиIащ КъБКъУ-м ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и унафэщI Михайленкэ Ольгэ.

IЭРЫС Iэсият.

НэгъуэщIщ иджырей сабийхэр

КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ «Сафия» сабий зегъэужьыпIэ центрымрэ я жэрдэмкIэ, Налшык дэт ЩIалэгъуалэм я унэм мэкъуауэгъуэм и 16-м щекIуэкIащ республикэм и психолог пэрытхэу Апажэ Валерэрэ Темиркановэ Лейлэрэ адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ щахуэза конференц зэIуха.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ НыбжьыщIэхэр зыгъэлъэпэрапэ IуэхугъуэхэмкIэ яхуэсакъынымкIэ къудамэм и унафэщI Вындыжь Альбинэ:

- Нобэ дыкъыщIызэхуэсар псоми нэхъ лъапIэу диIэхэм ящыщ унагъуэм дытепсэлъыхьын папщIэщ, - жиIащ абы, конференцыр къыщызэIуихым. - Сабийхэр ин щыхъукIэ, адэ-анэхэмрэ абыхэмрэ я зэхущытыкIэм зехъуэж. Дауэ уи зэхуакум дэлъ хуабагъыр зэрыпхъумэнур? НыбжьыщIэгъуэр зэман гугъуу къалъытэ. Ауэ абы сабийм и гъащIэр зэтредмыгъэкъутэу, лъэмыж хуэдэу, зэпрытшыфын хуейщ. Адэ-анэм хуаIэ дзыхьми, пщIэми, ахэр зыхагъэIэбэнумрэ абыхэм щабзыщIынумри нэгъуэщIу еплъын щIадзэ сабийхэм. Дэри ди бынхэм дагурыIуэфу, ахэр балигъ хъуа нэужьи, ди хьэтыр ялъагъуу къанэмэ, нэхъ къыдощтэ. Нобэ дыкъыщIызэхуэсар бэлыхь псоми дыкъезыгъэлыну хущхъуэр къэдгъуэтын папщIэкъым. Зым адрейм жиIэр зэхихыу зедгъэсэн щхьэкIэщ.

Альбинэ кIэщIу тепсэлъыхьащ психологхэр мыпхуэдэ утыкушхуэм кърагъэблэгъэн хуей щIэхъуам. ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэхэм мазэ зыбжанэкIэ зэгъусэу район къалащхьэхэм зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIа нэужь, адэ-анэхэм упщIэхэр къыхурагъэхьын щIадзащ. Ар щызэхихым, «Сафия» центрым и унафэщI Таукешевэ Эстер къыхилъхьащ конференц зэIуха ирагъэкIуэкIыну.

- ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ республикэр къызэхэткIухьурэ, зэIущIэ 20-м нэс едгъэкIуэкIа къыщIэкIынщ, ныбжьыщIэхэр мыхъумыщIагъэм хэзышэхэм зэрапэщIэтыпхъэ Iэмалхэр адэ-анэхэм захедгъэхын папщIэ, - пищащ адэкIэ утыкум кърагъэблэгъа, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт. - Адэ-анэ мин 12-м нэс къызэщIэдубыда къыщIэкIынщи, ари мащIэщ. «Сафия» центрми, ди психолог пажэхэу Апажэ Валерэрэ Темиркановэ Лейлэри фIыщIэ яхузощI нобэ ди лъэIум къызэрыпэджэжам папщIэ. Мыпхуэдэ зэпсэлъэкIэ Iэмалыр цIыхухэм ягу дыхьэмэ, министерствэм и нэIэ щIэту районхэм щыдиIэ хьэщIэщибгъури хуит фхуэтщIыну дыхьэзырщ.

Психологхэр сценэм щригъэблагъэм, Вындыжь Альбинэ къекIуэлIахэр къыхуриджащ укIытэр къагъанэу, щхьэж игу къеуэмкIэ IэщIагъэлIхэм еупщIыну. Япэ упщIэр езы Альбинэ зыхуигъэзар Апажэ Валерэщ:

- Уэ, сызэрыщыгъуазэмкIэ, иджырей сабийхэм я щытыкIэмрэ ахэр зыгъэлъэпэрапэ Iуэхугъуэхэмрэ илъэс 25-рэ хъуауэ уакIэлъоплъ, куэдым сэбэп уахуэхъуащ. Илъэс 14-м ит хъыджэбз цIыкIум и анэу щыт сэ мыпхуэдэ упщIэ сиIэщ: «Альфа» зыфIаща ныбжьым ит иджырей сабийхэр дапхуэдэу зэрыщытыр?

- ФIэхъус гуапэ фызох пщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъухэми адэ-анэхэми, - иришэжьащ и жэуапыр Апажэ Валерэ. – Мы упщIэр зи чэзу дыдэщ. «Альфа» ныбжьым итхэращ зи гугъу тщIы зэпытыр, абыхэм иджыри «зумер» щыхужаIэ щыIэщ. Мы сабий лIэужьыгъуэщIэр 1998 гъэм къыщыщIэдзауэ къокIуэ. 2000 гъэхэм къалъхуахэм иджыри «зумер»-кIэ йоджэ, зэманкIэ дэ нэхъ тпэгъунэгъухэм щхьэкIэ «дабл-зумер», «зумер тIуащIэ» жаIэ. Мыхэр къозыгъэцIыху нэщэнищ щыIэщ, щIэныгъэм къихутауэ.

Япэрауэ, абыхэм я акъылым псынщIэ дыдэу зеужь, я щхьэ куцIым и лъэныкъуитIри зэхуэдэу щIэгъэхуэбжьауэ мэлажьэ. Абы и фIыгъэкIэ, ягу ираубыдэфри нэхъыбэщ. Фэрэ дэрэ ди щхьэ куцI лъэныкъуитIыр щхьэхуэщхьэхуэущ зэрылажьэр. ФщIэжыркъэ, япэм сабийхэр ягуэшу щытащ, хэт математикэм, хэт гуманитар щIэныгъэхэм, хэт техникэм нэхъ дехьэх жаIэу. Мы сабийхэм а лъэныкъуэ псори зэуэ къызэдащтэ. Мыбыхэм я гупсысэкIэр илъэс ныкъуэм зэтоувэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, мазих щыхъуам щыщIэдзауэ мэгупсысэ.

Ди нэхъыжьхэм деупщIыжмэ, дэ дапхуэдэут дунейм дыкъызэрытехьар? Ди нэхэр зэтепIауэ. Махуэ плIыщIкIэ унэм драхыу щытакъым. Иджырей сабийхэр я нэхэр къэпщIа хьэзыру, мыдэ дохутырым сэлам ирахыну фIэкIа умыщIэу, я нэ губзыгъэхэр зэтехауэ дунейм къытохьэ.

Ещанэ нэщэнэр, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэри аращ, дэ ди щхьэ куцIым къызэщIиубыдэфыр зэхихым щыщу процент 30 къудейщ. Дэ зэхэтхыр щIэдгъэпщу, уи фIэщ пщIы хъунымрэ мыхъунымрэ зэхэдгъэкIыфу дагъэсащ. Лейр, мыхьэнэ зимыIэр зыщхьэщыдогъэкIыф. Мы сабийхэр апхуэдэкъым. Абыхэм хъун-мыхъуным теухуа я зэхэщIыкIыр щызэтеувэр илъэс 18-21-хэм дежщ. НэпцI-пэж, дзыхь хуэпщI хъун-мыхъун я лъэныкъуэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэхагъэкIыфыркъым иджырей сабийхэм зэхахымрэ ялъагъумрэ. Аращи, информацэ Iэрыхьэм щыщу процентитI 100-р епхъуатэ, абы и щхьэ куцIыр екудэ. Мы Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ. Фэрэ дэрэ дызыхиубыдэр «аудиалист», «кинестетик» жыхуаIэ лIэужьыгъуэхэрщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зэхыдагъэхымрэ къызэрыдэIусэ щIыкIэмрэ елъытащ зыхэтлъхьэ псори. Дэ къыттекIиеми къыдэщхьэфэуами хъурт. Иджырей сабийхэр нэгъуэщIщ. Абыхэм апхуэдэ Iэмалхэр яхэзэгъэнукъым. Мыхэр, япэрауэ, «визуал» жыхуаIэм хохьэ, ялъагъур ящIэж. ПсалъэкIэ яжепIэр я тхьэкIумэм ихьэнукъым. Уеуэныр Iэмал зимыIэххэщ. Щапхъэ фIэкIа, нэгъуэщI IэмалкIэ пхуэгъэсэнукъым. ЕтIуанэрауэ, «дигитал» жыхуаIэм хуэдэхэщ, ар мис мы телефоныр яIэщIэлъу къызэрыхъухэрщ, я фIэщ хъури абы итращ. Щапхъэм и хьэтыркIэ, илъэсибгъум ит си пхъум телефоныр зарядкэм пыдзауэ пIыгъ зэрымыхъунур и фIэщ тхуэщIыртэкъым. Анэшхуэми анэми Iэмал хуагъуэтакъым. Щымыхъужым, телефоныр къеIысхри, езым дзыхь нэхъ зыхуищI «Алисэ» зыхуэзгъэзащ: «Алисэ, телефоныр зарядкэм пылъу къэбгъэсэбэп хъуну? Щапхъэ къысхуэхь, сыт къыпщыщIынкIи хъунур?» Алисэ и жэуапхэр къыщыIум: «Куэдщ, папэ, къызгурыIуащ», - жиIащ.

Фэрэ дэрэ дыадыгэщ, дыбалъкъэрщ, дымуслъымэнщ, дычыристанщ. Мыхэр «дуней цIыху» жыхуаIэм нэхъ ещхьщ, псори я зэхуэдэу. Дэ Алыхьым дыщошынэ, мыбыхэм Ар фIыуэ ялъагъу. Дэ япэщIыкIэ тлъагъур къызэрытщыхъур зыхыдощIэ, итIанэ къэхъуам догупсыс. Мыбыхэм я гупсысэмрэ зыхэщIэкIэмрэ зэгъусэщ. А псоми гу лъывэзгъэтэну сыхуейт.

Иджырей сабийхэр къызэрымыкIуэ защIэщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым и еплъыкIэ иIэжщ. Ауэ нэхъыщхьэр щапхъэкIэ фIэкIа зэрыпхуэмыгъасэрщ. Ямылъэгъуа ящIэфынукъым.

Телефоным теухуауэ. Нэхъыбэм ар сабийхэм къатехын хуейуэ жаIэ. Апхуэдэу пщIэ хъунукъым. Iэмэпсымэр зэран къыхуэмыхъун хуэдэу къигъэсэбэпыфу гъэсэн хуейуэ аращ. Къэралым къытхуимыщIа щыIэкъым. Сэ егъэлеяуэ сыщыгуфIыкIащ «тик-ток», «ютубхэр» щызэхуащIам, абы щхьэкIэ къысхуэшхыдэхэри щыIэу. Интернетым узэрыщыджэгу хъуну псори иджыпсту къэралым и унафэ ткIийм щIэтщ. Ар фIыгъуэшхуэщ. Сабийхэр зэбгъэплъ хъуну-мыхъунухэр ныбжькIэ зэхэдзауэ щытщ. Псалъэм папщIэ, «Карусель», «СТС - кидз», «Солнышко», «Минимульт» каналхэм ебгъэплъ хъунущ. Илъэс 14-м щIигъуам хухэхахэр щыIэщ. Илъэси 10 иримыкъуа сабийм интернет зэрищIын щыIэкъым. Адэ-анэхэр кIэлъыплъу щытми, илъэси 10-м щIигъуам телефоныр зы сыхьэт нэхърэ нэхъыбэкIэ имыIыгъмэ, нэхъыфIщ.

Телефоныр хуит яхуэпщIыпи хъунукъым, дауи. Иджыпсту уз шынагъуэхэр къежьащ: «информацэм зэтрихуа щхьэ куцI» , «бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмэпсымэхэм зи къарур кIэрагъэхуа акъыл», къинэмыщIхэр. Сабийхэм епсэлъэн хуейщ, нэгъуэщI мыхъуми, махуэм зы сыхьэткIэ. Языныкъуэ адэанэхэм я бынхэм жэуап иратыркъым. «Гуглым» еупщI», «Яндексым» еупщI» жраIэри, я Iуэху ящIэж. Мышхэмэ, телефон IэщIалъхьэ. Ахэр пщIэ хъунукъым. Илъэс 21-рэ иримыкъуа ныбжьыщIэр сыхьэтищ нэхърэ нэхъыбэкIэ а «рилс», «шортс» жыхуаIэ видео кIэщIхэм еплъмэ, и акъылым кIэрохуу, ар щIэныгъэм къихутащ.

Апажэ Валерэ микрофоныр иIыгъыу здэпсалъэм, езым и телефоныр къеуащ. Микрофоныр IуигъэкIуэтщ, къытрихри, Валерэ телефонымкIэ къэпсалъэ, дакъикъэ ипэкIэ зи гугъу ищIа и пхъум жэуап иритащ: «Дахэ цIыкIу, сэ сынэпсэлъэжынщ». «Флъэгъуа щапхъэ?» - хуэмышэчу Iэгуауэр иришэжьащ Вындыжь Альбинэ. «Сабийр гузэвэнущи аращ», - зыкъиумысащ езы психологым. А щапхъэ закъуэр пхурикъунт IэщIагъэлIым дзыхь хуэпщIу уедэIуэн папщIэ.

- Зымахуэ сабий гуэр къытхуашащ, «аутизм» къоуз жаIэри, - пищащ адэкIэ Апажэм. - А уз хьэлъэр зыхуатхэм я процент 90-м ар яIэкъым. «Телефон аутизм» жыхуаIэм хуэдэщ къезыр: зэмыплъыпхъэ куэдыIуэ зэреплъам къыдэкIуа уз. Мы сабийри, къызэрыщIэкIымкIэ, зэрыцIыкIурэ китаибзэкIэ псысэ еплъу арат. Ди щIыпIэм щыщ сабийхэм ещхьу, анэдэлъхубзэрэ урысыбзэрэ зыщIапхъэт, ауэ мо китаибзэр къыщыхыхьэм, къыхихынур имыщIэурэ, зэIынащ. Арати, «аутист» фIащащ. Мис ахэр къэмыхъун папщIэ, фи сабийхэм фемыпсалъэу хъунукъым. Хуагъэув диагнозхэри занщIэу фи фIэщ фымыщI, я нэхъыбэр пцIыуэ къыщIокIыж. Нэхъ мащIэ дыдэу, махуэм зы сыхьэткIэ фадэуэршэрыну къалэн зыщыфщIыж.

Апажэ Валерэ Психологхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм хэтщ. Апхуэдэ IэщIагъэлI ди республикэм зэрисыр пхуэмыIуэтэну фIыгъуэшхуэщ. УпщIэжэуапу зэхэта, хэбдзыну зы псалъэ зыхэмыта уэршэр кIыхьым къыкIэлъыкIуэну «Махуэку»-хэм къыщыпытщэну ди мурадщи, зыIэщIэвмыгъэкI.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

ГъэщIэгъуэн ящыхъуащ

«Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр Урысей гвардием щIыгъуу» урысейпсо Iуэхум хиубыдэу, Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэр яхуэзащ Налшык къалэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэу щыIэ «Вагъуэ цIыкIу» лагерым зыщызыгъэпсэху сабийхэм.

IУЭХУР хуэгъэпсат Урысей лъэпкъ гвардиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 10, Хабзэм и хъумакIуэ дзэхэр зэрыщыIэрэ илъэс 215-рэ зэрыхъум. ЗэIущIэр яублащ узыншагъэр езыгъэфIакIуэ зарядкэкIэ. Ар хьэуа къабзэм хэту сабийхэмрэ балигъхэмрэ зэдащIащ. АдэкIэ хабзэхъумэхэр ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Урысей гвардием и тхыдэм, абы и къалэн нэхъыщхьэхэмрэ я лэжьыгъэр зыхуэунэтIамрэ, апхуэдэуи ягу къагъэкIыжащ уэрамымрэ псы Iуфэхэмрэ щысакъын зэрыхуейри.

КъинэмыщIауэ, «Эльбрус» СОБР-м и лэжьакIуэхэм сабийхэм ирагъэлъэгъуащ къагъэсэбэп Iэщэфащэр. «Вершина» ОМОН-м и зауэлIхэм IэпщэрыбанэмкIэ щыщ Iыхьэ гуэрхэр ирагъэлъэгъуащ.

НыбжьыщIэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ Ивэ цIэр зиIэ хьэр щIыгъуу кинологIэщIагъэлIым игъэлъэгъуар. Абы сабийхэр щигъэгъуэзащ хьэр зэрагъасэм, абы хуагъэув къалэнхэр зыхуэдэм.

Сабийхэм хьэщIэхэм фIыщIэ хуащIащ гъэщIэгъуэн куэд къызэрырагъэщIам папщIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Адыгэбзэр зэбгъэщIэну тынш хъуащ

Адыгэбзэ зэрызэрагъащIэ телефон гуэдзэн щхьэпэ мазэ бжыгъэ хъуауэ мэлажьэ. Адрейхэм къащхьэщыкIыу мыбы фIагъырэ сэбэпынагъыу иIэр занщIэу къащIащ куэдым. Тхьэмахуищым къриубыдэу ар цIыху мин 15-м я телефонхэм трагъэтхат, цIыху мин 300-м нэблагъэ ихьэурэ еплъат, иджыпсту а бжыгъэхэр нэхъыбэжщ.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, мы гуэдзэныр къэрали 100-м, къалэ 1471-м щыщхэм къагъэсэбэп хъуащ нобэкIэ, жыпIэнуракъэ, уи щIэныгъэр хэзыгъахъуэу урысей App Store-м ит гуэдзэнхэм я деж 4-нэ увыпIэр щиIыгъщ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ щIэныгъэ утыкухэм япэ ищауэ.

Зи гугъу тщIы гуэдзэныр зи гукъэкIыр ди республикэм щыщ ГъукIэ Залинэщ, ар Москва щеджащ, дзэ дохутыру щолажьэ. Абы и гукъэкIыр техникэ Iуэхухэмкlэ къыдэзыгъэпсынщIар и ныбжьэгъу американ щIалэщ Хуслиг Карсон. Залинэрэ Карсонрэ я лэжьыгъэр и кIэм нэсакъым, гуэдзэныр къызыхуэтыншэу щыткъым, абы иджыри йолэжь. Ауэ иджырей технологиехэм, бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэм фIыуэ хэзыщIыкI Карсон икъукIэ зрегъэужь щIэныгъэ утыкум, махуэ къэс щIэ гуэр кърелъхьэ, цIыхухэм, адыгэхэм къахуэсэбэпыну псори зэхуахьэсурэ къагъэбей.

Гуэдзэныр Iыхьэ-Iыхьэу зэхэтщ - Адыгэ алыфбей, Адыгэбзэ, Адыгэ библиотекэ... Адыгэ алыфбейр дерс 15-у зэхэтщ. Абы хьэрфым и тхыкIэр, макъым и къэпсэлъыкIэр щызыбогъэщIыхури, уэри жыуигъэIэурэ щIегъэбыдэж. Хьэрфхэр, псалъэхэр телефоным къизыгъэIукIыр Залинэщ.

Адыгэбзэр, жьэрыIуатэбзэр зэбгъэщIэну, абы зэрырипсалъэр къэпщIэну ухуей?! Адыгэбзэ Iыхьэм хыхьи, лажьэ. Абы урысыбзэ псалъэ къыпхуредзэ, ар адыгэбзэкIэ зэратхыр къэпщIэн хуейщ: псалъиплI къуетри, абы къыхыбох. Пэжу къэпщIамэ, адэкIэ уокIуатэри, псалъэ гуэр къыбжеIэ, а зыхэпхар зэратхыр псалъиплIым къыхэпхын хуейщ. Ахэр уигу ибубыдэн щхьэкIэ, зыбжанэрэ упщIэ зэмыщхьэр къыпхуигъэувурэ жэуапхэр къыхыбох, къыхэпхар макъкIэ жеIэ, уэ ар жыбоIэж. Ауэрэ псалъэуха зэхэплъхьэу урегъасэ. Мыбы утеззэшэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ,Iыхьэ-Iыхьэу зэхэтщи, (бжыгъэхэр, плъыфэхэр, гъэм и зэманхэр, глаголхэр, цIэпапщIэхэр, псэущхьэхэр, шхыныгъуэхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейр) сыт хуэдэ Iыхьэр ухуейми къызэIубохри, уролажьэ. Бзэр зэбгъэщIэну ухуеймэ, зыри щхьэусыгъуэ щымыIэу уи унэм ущIэсу пхузэфIэкIынущ ар.

Адыгэ хабзэ Iыхьэри апхуэдэ дыдэу лъэбакъуэ зырызу зэхэтщ. А дерсыр къызэрыщIидзэр адыгэм илъытэ, пщIэ зыхуищI, япэ иригъэщ псалъэхэрщ. Напэ, укIытэ, лIыгъэ, хьэщIагъэ, пщIэ, щIыхь, нэгъуэщIхэрщ. Абыхэм къикIыр къыбгуригъэIуа нэужь, упщIэ-жэуапым къыщIедзэ.

- Библиотекэм и Iыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэдгъэхьэну дыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, адыгэ зэрыс нэгъуэщI хэгъэгухэм, хамэ къэралхэм щыщу адыгэ щэнхабзэм, бзэм, гъуазджэм, литературэм и лэжьакIуэхэм я творчествэр. Абы дэнэ щыпсэу адыгэри хуабжьу зэкъуигъэувэнущ, куэдым къахуэщхьэпэн къращынущ. Уи унэ ущIэсу тхакIуэ гуэрым и IэдакъэщIэкI къызэIупхыу уеджэу е режиссерым триха адыгэ киином уеплъу Iэмал щыIэныр уасэншэкъэ!? - жеIэ Залинэ.

ГъукIэм зэрыжиIэмкIэ, адыгэ библиотекэм махуэ къэс къыхохъуэ, еш имыIэу зэхуахьэс. Ари гуэшащ: тхылъхэр, фильмхэр, сабийхэм папщIэ мультфильмхэр, макъамэр, уэрэдхэр... Абы сытым дежи къыхэхъуэу екIуэкIынущ адыгэбзэкIэ трахахэр, ятхахэр, ди лъэпкъым траухуахэр, адыгэм и Iуэху зыхэлъ дэфтэрхэр, теплъэгъуэхэр къралъхьэнущ. Уеблэмэ ди лъэпкъым къыхэкIа тхакIуэхэм, усакIуэхэм, режиссерхэм, спортсменхэм, щIэныгъэлIхэм, Iуэху щхьэпэ пэрыт дэтхэнэми и лэжьыгъэмрэ езым теухуамрэ къыщывгъуэтынущ дяпэкIэ.

Зы гъэщIэгъуэнми гу лъыстащ, гуэдзэныр си телефоным трезгъэтха нэужь. Ар къызэIухауэ щыщытым деж и лъабжьэм къытредзэ абы а дакъикъэхэм ирилажьэ, зыщызыплъыхь цIыху бжыгъэри, ар зыщыщри, щищIэри. Псалъэм папщIэ: «Дюсельдорф щыщ адыгэм хабзэм зыщегъэгъуазэ», «Нью-Йорк щыщ адыгэр адыгэбзэ курсхэм хэсщ», «Таганрог щыщ адыгэр гуэдзэным къыхыхьащ», «Дохэ щыщ адыгэр библиотекэм щоджэ», «Эр-Рияд щыщ адыгэм алыфбейр зэрегъэщIыху», «Газиантеп щыщ адыгэм псалъэ зыбжанэм я мыхьэнэр зригъэщIащ», «Хайфэ щыщ адыгэр кино йоплъ», «Милан щыщ адыгэр хабзэмкIэ дерсхэм блэкIащ», «Амстердам щыщ адыгэм и дерсыр иухащ».

Залинэрэ Карсонрэ мы телефон гуэдзэным зэрызрагъэужьыну я мурадхэр куэд мэхъу. Иджыпсту дыщIагъуахэм ящыщщ, абы уи цIэ-унэцIэр иптхэу, дэнэ щIыпIэ щыщ адыгэми удэуэршэр зэрыхъур. Абы куэд ныбжьэгъу щызэхуохъу, куэдым я унэкъуэщхэр, унэцIэджэгъухэр, Iыхьлыхэр къыщагъуэтыж, телефон номери нэгъуэщI хъыбари ухуэмейуэ, Адыгэбзэ гуэдзэным и чатым хэти зыщыпыбощIэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ДАРИЙ Дахэнур** *ейщ.*

Гупсысэр - псалъэкIэ



Гугъэ

Сызэпеплъыхь. КъызодэхащIэ. СегъэIущ. Гур егъэгуфIэ, егъэхъуапсэ, егъэпсэу. Псэм хегуашэ гурыфIыгъуэ щэхухэр. Щэху дыдэу, зибзыщIыпэу къызопсалъэ. ТхьэкIумэм итщ, си нитIым щIэтщ, гум ильщ.

Ар си хъумакIуэщ. ГъащIэм и тыгъэшхуэщ, и налкъут-налмэсщ. ИIэкъым упщIэ мыфэмыци, жэуапи къыспихыну хэткъым.

Мэпсэу... Гум жьэгу дищIыхьауэ... Ужьыхыу хуежьэмэ, щIэрыщIэу къигъэблэжу... Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту игъэхуабэу... Къысхуэгуапэу. СызэхищIыкIыу, скIэрымыкIыу. Сыкъимыгъанэу. Илъагъукъым пцIыи, фыгъуэижи, зэрымыщIи. Ихъуреягъыр гуапагъэрэ къабзагъэрэщ. КъигъэщIыр дахэщ. ГъащIэщ. ГъащIэ псощ.

И дунейр гъатхэщи, мэгъагъэ, мэгуфIэ, мэуэршэр. Макъамэм хошыпсыхьри, егъэгуфIэ псэр.

Макъамэ

Макъамэ защIэщ мы гъащIэр! Псори, псори гухэлъ изогъащIэ! Си гур щохъур дунейм насып защIэ... Дыгъэ бзийм, удз гъэгъам, жыг Iэрысэм, уафэгъуагъуэм, уэшх хуабжьым, уэс щабэм... Псоми, псоми макъамэ къапех. Макъыу хъуари мы си гум зэхех.

И къеуэкIэр мы си гум макъамэщ, сыщигъафIэкIэ куэщIкIэ хэку-анэм. Макъамэхьу йошкIурэх псыIэрышэр... Макъамэпсэу щопсэу вагъуэр уафэм... Дэпыр пIэнкIмэ - макъамэщ, жыбгъэр фиймэ - макъамэщ. Хэт щегъафIэр игу шы лъэ макъыр, гукъэкIыжым зыхьыжри арауэ.

Бжьыхьэр, гъатхэр, щIымахуэр, гъэмахуэр зэрощэщыр макъамэ-макъамэу. Бжьыхьэм, мес, Iэпощэщ дыщэ хъархэр. Дыжьын щIыIухэр тощащэ щIымахуэм. Гъатхэм хепхъэ гъэгъа псыIэрышэм. Къуалэбзухэр гъэмахуэм доушэ.

ЗэIэпахыр уэрэд уэми щIыми. Сахэдэну макъамэм щытамэ, уигу нэщхъейм и щымыкIэ-щыIэкIэр щызгъэIунт мы дуней макъзэхъуэкIым.

Гур - архъуанэм

Гур архъуанэм ирехьэри... гъащIэ псо щоуназэ. ГукъэкIыжхэр къожажьэ, гупсысэр мэятэ. ПщIэжрэ, пщIэжрэ жыпIатэр, сигу, зэгуэр узелъатэу... Къэбгъуэтауэ, бгъэфIэну, гухэлъ IэфIу уиIэну... Уэ гухэлъыр жыпIэнут, дуней псор ууей хъунут. Сэ сыноплъырти щыму, бжезмыIэфурэ зыри, уи дунейр сфIэгуэныхьт.

Уимыхуэжу мы си бгъэм, уэми щIыми щыбгъафIэ гухэлъ нэхур зэгуэрым къыптесхынути, испхъэжынут ар уафэм. Уафэм ар имыхуэжу, хэз сфIэхъуати хьэуам... Иджы нэхъри угуфIэрт. Сэ уэсщIэн си гугъахэр пфIэделагъэу арати... бутIыпщауэ уи макъыр, лъагъуныгъэм и макъыр, удыхьэшхт.

Сигу, щытам сфIэгуэныхьу, си гугъам узым ихьу, узи гуауи илъагъукъым, зыри хъуркъым и жагъуэ. ГъащIэм IэплIэ хуищIауэ, нэхуу уэгум щыблауэ, и гухэлъ егъэпэж. КъыIэщIэпчи къытепхи хъуркъым гухэлъыр.

Мы дунейр мэбауэ

Пщэдджыжь дыжьынычым къыхэзбжыкI уэс налъэхэм гъатхэ къагупсыс. Къагупсыс макъамэ. Акъужь щIыIэтыIэм макъыр епхъуэтэжри, ар жьы къабзэм хепхъэ. Мы дунейр мэдаIуэ, мы дунейр мэбауэ. IэгукIэ къыщIэзгъалъэри, сэ жьы щIыIэтыIэм щызу сеIуэбауэ, гъатхэм сыхокIуатэ... Уэ мы сигу къиинрм и дунейр пцIыхуатэм! Псалъи жумыIатэм... Гъатхэм уIущIатэм! Гъатхэм уIущIатэм, къэпцIыхунут си гур. Гухэлъ защIэу тIэпIрэ, имыхуэжу бгъэгум! ИлъэтыкIрэ накIуэу! Мы дуней архъуанэм си гур зыщ, зы закъуэщ. И закъуэщ! Си пкъым къыIэщIэкIри, езыр хуит хъужауэ, гъатхэкIэ мэбауэ. Мы си нэпсыр пщтыру щIыIэм къыщIихуауэ, сэ дунейм содауэ. Уи нэм сыщIэплъэжрэ, си псэ щымыIэжмэ, ар хэкIащ куэд щIауэ!

Пэж

Гум пэж щыпсэут. ГуфIэу, пIейтейуэ, хахуэу, щабэу е жану. Хэхъуэм хэхъуэурэ, гум имыхуэж хъуащ. КъыщыпкIырт. Хуейт зиIэтыну, лъэтэну, зиплъыхьыну. Ар гум идэнут?! ЕупщIакъым... Гум изэгъэжыртэкъыми, гъуэгу хишыну ежьат. Жылэ трисэурэ ирикIуэнут. Жылэр къикIыкIынут, гъуэгур гъэгъэнут. Пэж защIэ хъунут хъуреягъыр. Арат и гугъэр. Гум къызэрикIыу, гъы макъ зэхихащ. ИтIанэ кIий макъ... дыхьэшх макъ... фий макъ. Псори зэщIовууэ. Пэжыр мэкIэзыз. Зызэтреубыдэри, мэбакъуэ. Уаем, псыдзэм, мафIэсым хобакъуэ. КъыщыувыIэкIэ кIиину мурад ещI - зэхахын хуейщ... дауэ мыхъуми зэхахын хуейщ.Iэмал имыIэу! Зэ мэкIийри, уафэр къыподжэж - мэхъуэпскI. ЕтIуанэу жиIэнIауэ зыщигъэхьэзырым, и макъ къикIыжыркъым.

«Гум сыщыпсэужатэмэ!» жи пэжым. Къабзэу къэнэнут, щыму гугъэ иухуэнут, дзапэ уэрэд хъунут. ЗэхэзыхынуIатэкъым. Пэжым кърригъэуэнут гур... Щым зищIыжащ. Зыри щыдымкъым гу лъахэм.

Пэжыр зэрыщымыр зыгуэрым зэхех. Ари гущ. Абыи пэж гуэр ильщ. Ари уIащ, пцIанэщ, щIыIэрысщ. ЗиухыжыIну хуеят. Ауэ нэгъуэщI зы пэжым и дуней щымыр зыхищIащ. Аращ къезыгъэлар. Гухэм я пэжхэр зэхуэзащ. Дунейр умэзэхри, гупсысащ. Егупсысащ уафэр зэрыкъабзэм! Пэжхэр зэрыщIэри, къару къахыхьащ. Къару къахыхьащ щыму гухэм щыпсэуну.

Псыежэхым жиIэр

Дыгъэм зеукъуэдийри, удз гъэгъа губгъуэм йоIусэ. Гъэгъахэр егъафIэ. Губгъуэ щхъуантIэм тепхъа гъэгъа щхъуэкIэплъыкIэхэм хьэндырабгъуэхэр тотIысхьэ, къытолъэтыж, ящхьэщолъатэри загъэкIэрахъуэ, къофэ. Жьы мащIэм гъэгъа тхьэмпэхэр щIигъэхъаеурэ, хьэуам мэ гуакIуэр хегуашэ.

Псы ежэх цIыкIур мывэ кIэщхъым кIэщIэрыIэурэ, зэрегъэунтIэIу. Дунеяплъэ здрихьэхыну якIэщIэрыIэ хуэдэщ. Мыдрейхэм ар ядэркъым. Тегушхуэу зыкъэзыIэт къахэкIми, «тIыркъ» жригъэIэу и гупэкIэ къыщылъ мывэм тохуэж. Псалъэурэ йожэх псыр. Йопсалъэ губгъуэм, гъэгъахэм, хьэндырабгъуэхэм. Йопсалъэ дыгъэм. Езы дыгъэри, и бзий хуабэхэмкIэ къоIэбыхри, псы къабзэм и щIыфэм тоIэбэ, телъыджэу щхьэщолыдыкI. Дыгъэр зыхуэгуэпа псым и уэршэрым зрегъэIэт - жиIэн и куэдщ. ЕIуатэ куэд щIауэ зыщIэдэIу, зэхуихьэс хъыбархэр. КъэувыIэмэ, ахэр зэпыункIэ шынэ нэхъей, тетщ и гъуэгум. Здрехьэх зэгуэр псыхъуэм къызэрыдэхьа щIалэжь цIыкIухэм я дыхьэшх макъи, къыщхьэщылъатэурэ зэ зы уэрэд, зэми нэгъуэщI къыжезыIа бзухэм я бзэрабзи, зи губампIэ и Iуфэм щыдзэыха пщащэм и щэху нэгъунэ. Псыр игъуэжынти, а илъагъу, зэхих псом щыщIамэ. Ирежэх атIэ... къэмыувыIэу, псалъэу, дыгъэм пэлыду!

ГУГЪУЭТ Заремэ

Ныбжьэгъур ягу къагъэкIыжу

ДзюдомкIэ УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Занкишиев Казбек и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ Санкт-Петербург къалэм, Астрахань областым, Ставрополь щIыналъэм, Дагъыстэным, Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым я спортсмену 210-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 15 - 17 хъухэу.

ДИ бэнакIуэхэм ящыщу я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ ХьэщIэдыгъу Идар (кг 46-рэ), Унэж Амирлан (кг 50), Хъуран Къантемыр (кг 66-рэ) сымэ.

Килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ щыхъуащ Балэ Темырлан.

Къуэн Алим (кг 55-рэ), Уэтэр СултIан (кг 55-рэ), Къуэныкъуей Идар (кг 60), Къамбий Сэфарбий (кг 66-рэ), Быгуэ Мансур (кг 66-рэ), Iэрыпщэ Iэдэм (кг 73-рэ), Шомпарэ Сурен (кг 81-рэ), Шыкъ Эльнур (кг 81-рэ), Щоджэн Къантемыр (кг 90) сымэ домбеякъ медалхэр къахьащ.

Ди щIалэхэм ядэлажьэр Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ, Иванов Дмитрий, Апхудэ Анзор, Къуэшырокъуэ Астемыр, Таухэ Сэфарбийрэ Азэмэтрэ, Джэданэ Залым, Махуэ Олег, Къамбий Мартин, Хъупсырджэн Резуан сымэщ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

• Футбол

Ирагъэкъуж

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей зэхьэзэхуэм и япэ къекIуэкIыгъуэм щагъэIэпхъуауэ щыта зэIущIищ щэбэт кIуам ирагъэкIуэкIыжащ.

ЗЭПЕУЭМ зэрыщIидзэрэ тхьэмахуэ ипэкIэ япэу къыщыхагъэщIа «Тэрчым» и губжьыр Яныкъуей икIахэм тракъуташ. Джылахъстэнейдэсхэм Шэджэм районым щыщхэм жэуапыншэу топипщI худагъэкIащ. Псом хуэмыдэу хъийм икIат Iэщын Аслъэн - ар плIэнейрэ къыхэжаныкIащ. Хьэвэящхьэ Аслъэнбэч топитI дигъэкIащ. Зэрызэ хьэщIэхэм я жагъуэ ящIащ Къуэжей Азэмэт, ТIахъущ Къантемыр, МыгъуэлI Нурбий, ХьэтIэф Нодар сымэ.

«Искра»-мрэ «Малка»-рэ я зэIущIэр хуабжьу удэзыхьэх хъуащ. Абы и япэ Iыхьэр иухащ алътуддэсхэр 2:0-у япэ ищауэ, Мамбэт Астемыррэ Туний Дамиррэ дагъэкIа топхэм я фIыгъэкIэ. АрщхьэкIэ загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ, къыпхуэмыцIыхужыну, джэгум зихъуэжащ. Ар куэдкIэ и фIыгъэщ «Малка»-м и пашэ Умар Азэмэт. Хэгъэрейхэм я гъуэм зэкIэлъхьэужьу топищ абы дигъэкIри, текIуэныгъэр ихьауэ зыхэт гупым Балъкъ Iуфэ игъэзэжащ.

Тхьэмахуэ ипэкIэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъыр япэу хэзыгъэщIа Налшык и «Спартак-Д»-р Бабугент щыIэу щIыпIэ «Логоваз»-м иджы пэщIэтыфакъым. Абы хэгъэрейхэр 2:0-у къащытекIуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и япэ къекIуэкIыгъуэр зэхуащIыжыным къэнэжар зы зэIущIэ закъуэщ. Бадзэуэгъуэм и 4-м «Спартак-Д»-м Налшык къыщригъэблэгъэнущ «Псыкуэд-Марвил»-р.

Гу лъытапхъэщ блэкIа лъэхъэнэм къриубыдэу зэрытемыгъэкIуауэ зэIущIиплI фIэкIа зэримыухам. Абыхэм ящыщу 3-р зыми темыкIуэфа «7 Вершин-Шалушка»-м къылъос. Пашэныгъэр зыIэщIэлъ командиплIыр зыхэта зэIущIэхэм щызэтремыгъэкIуа зэи къэхъуакъым.

Бадзэуэгъуэм и 11-м зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм щIадзэнущ, псори зэрыджэгуа бжыгъэр зэтрагъэхуауэ. Дыщыгугъынщ, афIэкIа ямыгъэIэпхъуэу зэIущIэхэр и чэзум адэкIэ ирагъэкIуэкIыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Тэрч»	**11**	**10**	**0**	**1**	**48-7**	**30**
2. «Логоваз»	**11**	**10**	**0**	**1**	**33-11**	**30**
3. «Малка»	**11**	**9**	**0**	**2**	**36-14**	**27**
4. «Спартак-Д»	10	7	0	3	32-14	21
5. «Исльэмей»	11	6	1	4	29-15	19
6. «Урыху»	11	6	0	5	29-24	18
7. «Яникой-1961»	11	5	1	5	24-48	16
8. «Искра»	11	4	0	7	36-27	12
9. «Псыкуэд-Марвил»	10	2	1	7	20-42	7
10. «Бедик»	11	1	1	9	15-43	4
11. «Черкес»	**11**	**1**	**1**	**9**	**12-42**	**4**
12. «7 Вершин-Шалушка»	**11**	**0**	**3**	**8**	**21-48**	**3**

Бзылъхугъэ гуащIафIэ

Налшык дэт Лъэпкъ библиотекэм щрагъэжьащ «Женский код» лэжьыгъэщIэ. Республикэм и бзылъхугъэ щыпкъэхэм - тхакIуэхэм, сурэтыщIхэм, дэрбзэрхэм, пшынауэхэм, актрисэхэм - яIущIэныр, я зэфIэкIым тепсэлъыхьыныр аращ Iуэхур зытеухуар. ИкIи ар яублащ «Мечты сбываются» псапащIэ фондым и къызэгъэпэщакIуэ, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, коллекционер, журналист Магомедовэ ФатIимэ къыдигъэкIа «Город лысых» тхылъым теухуа зэIущIэмкIэ.

КЪЭПСЭЛЪАХЭМ ящыщ гуэрым къыхигъэщащ тхылъым ауэ зытригъэун щхьэкIэ еджэну къызэрызэIуихар, и фIэщыгъэри тIэкIу ауанышI хуэдэу къызэрыфIэщIар, ауэ щыхъукIи, еджэн щиухам хуабжьу гупсысэ куу абы зэрыхэлъыр зэрызыхищIар. НэгъуэщI зы бзылъхугъэм тхылъыр гъуазэ хуэхъуащ. И узыншагъэм къыщхыигъэзыхьам ирихьэлIэу къызэIуихат ар, абы и жинтым тет сурэтыр езым и гъащIэм къыпэджэжати, емыджэу игъэтIылъыжыфынутэкъым. ЗэрыжиIамкIэ, медицинэми, психологиеми, благъэ-Iэулэдхэми къыжрамыIэфын гупсысэхэр къыщигъуэтащ тхылъым. Ахэр гъащIэм гу хуозыгъэщIыж псалъэхэт.

Магомедовэ ФатIимэ и етIуанэ тхылъщ «Город лысых» зыфIищар. ТхакIуэр топсэлъыхь цIыху гъащIэм, напIэзыпIэм ар къутэнкIэ зэрыхъунум, лъэпощхьэпохэм зэрызэфIагъащIэм, ауэ гугъуехьхэм ягъэдзыхэ цIыхум и щхьэр къиIэту къызэфIэувэжыну, гъащIэм и гупэр хуигъэзэжыну Iэмал зэрыщыIэм.

Пшыхьым хэтахэр тхылъым тепсэлъыхьащ, тхыгъэхэм къаIуатэмрэ езыхэм я гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэхэмрэ зэрыпэджэжым къытеувыIэ художественнэ псалъэм и къарур ФатIимэ зэрызыхищIэм щыхьэт техъуэ пычыгъуэхэр щапхъэу къахьу. СурэтыщI Аханов Александр и лэжьыгъэхэри абдеж щызрагъэлъэгъуащ къызэхуэсахэм - ФатIимэ зэхуихьэс сурэтхэм ящыщщ ахэр, «Город лысых» тхылъыр зэригъэщIэрэщIари абыхэм къахихаращ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ скрипкэмкIэ Жилач Светланэ зи унафэщI ансамблым, арфэр дахэу зыгъэIэрыхуэ Атэлыкъ Аллэ. Макъамэ щабэр щIэту «Город лысых» тхылъым щыщ пычыгъуэхэм къеджащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Тэмазэ Лиуан. Абы и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр театр теплъэгъуэ щIэщыгъуэ хъуат.

Магомедовэ ФатIимэ жиIащ сыт хуэдэ Iуэху ищIэми - ар журналистикэм, литературэм е псапэ Iуэхум ехьэлIа ирехъуи - псори псэкIэ пэгъунэгъу цIыхухэм папщIэщ щIилэжьыр. Бзылъхугъэм и фондым щащэ сурэтхэмрэ тхылъхэмрэ къыщIэкI мылъкур сабий сымаджэхэм ярет.

Лъэпкъ библиотекэм щызэхаубла «Женский код» Iуэхум адэкIи зиубгъунущ. Абы ирагъэблэгъэнущ зи гуащIэкIэ цIыхугухэм дыхьа бзылъхугъэхэр.

ГЪУЭТ Синэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.073
Заказыр №1356

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.